**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**ПУҚАРАЛЫҚ ҲӘМ ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫ**

# КУРС ЖУМЫСЫ

**ТЕМА: ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЖЕКЕ МЕНШИК ХУКЫКЫНЫН РАЎАЖЛАНЫЎЫ**

**Орынлаған** **3-курс студенти Н.Қутлымуратова**

Нөкис-2013.

# ТЕМА: ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЖЕКЕ МЕНШИК ХУКЫКЫНЫН РАЎАЖЛАНЫЎЫ

## М А З М У Н Ы :

**КИРИСИЎ.........................................................................................................3-4**

**I БАП. ЖЕКЕ МЕНШИК ХУҚЫҚЫ ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ҚАҒЫЙДАЛАР..........................................................................5-32**

1.1. Жеке меншик ҳуқықы түсиниги, мазмуны хәм әхмийети................5-10

1.2. Пуқаралар жеке меншик хуқықынын объекти түсиниги...................11-16

1.3. Пуқаралар жеке меншик хуқықы объектлеринин түрлерге бөлиниўи (классификациясы)..........................................................17-26

**II БАП. ЖЕКЕ МЕНШИК ХУҚЫҚЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫН ТИЙКАРҒЫ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ.........................34-71**

2.1. Мүлк объектлерине қарата пуқараларда жеке меншик хуқықынын жүзеге келиўи тийкарлары.............................................................34-40

2.2. Жеке меншик хуқықы айрықша объектлеринин хуқықый режими.........................................................................................41-46

2.3. Мәмлекетлик емес юридикалық шахслардын жеке меншик хуқықы.........................................................................46-60

**ЖУЎМАҚЛАЎ.........................................................................................73-75**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ......................................76-80**

# КИРИСИЎ

Бизге белгили, жәмийетлик-экономикалық раўажланыўға басқышпа-басқыш ерисиўге қаратылған Өзбекстан бүгинги күнде өзиниң жоқары раўажланыў тенденцияларына ерисип киятырған мәмлекет сыпатында дүнья жәмийетшилиги тәрепинен тән алынбақта. Президентимиз И.А.Каримов атап өткениндей, “2013-жыл жуўмақларына көре көрсетилген хызметлер көлеми 13,5 процентке, олардың жалпы ишки өнимдеги үлеси болса 2000-жылдағы 37 проценттен 53 процентке өсти. Бул сан ҳәм көрсеткишлер мәмлекетимиз хызмет көрсетиў тараўын раўажландырыўда раўажланған көп ғана мәмлекетлер дәрежесине барған сайын жақынласып баратыр, деп айтыўға тийкар береди”[1].

Базар қатнасықлары өз мазмунына көре биринши гезекте тәреплердиң тең ҳуқықлылығы ҳәм олар ортасындағы қатнасықлардан келип шығады. Усындай қатнасықлардың турақлы түрде тәмийинлениўи ушын юридикалық қурал есапланған ҳәр қандй түрдеги ҳуқықлар, соның ишинде, жеке меншик ҳуқықларын қорғаў да әҳмийетли орынды ийелейди.

Өзиниң мазмунына көре, жеке меншик ҳуқықларының раўажланыўы бойынша белгили бир мүлкий характердеги ҳуқықларды қорғаў ҳуқықый жақтан тәртипке салыў қураллары ишинде ең универсал, сәйкеслениўшең, тәреплердиң мәплерин ҳәм тең ҳуқықлылығын тәмийинлеўши баҳалы юридикалық қурал болып есапланады.

Президентимиз И.А.Каримов атап өткениндей: ““Ҳәмме нәрсе инсан ушын, оның келешеги ушын” деген жаңа принципти толық әмелге асырыў биз ушын бәрқулла ең әҳмийетли ўазыйпа болып келген ҳәм буннан кейин де сондай болып қалады”[2], сол себепли, “мәмлекетимизди демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқыштағы ең әҳмийетли бағдарлардан бири бул нызам үстемлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, шахс ҳуқықы ҳәм мәплерин

---

[1] Каримов И.А. 2014 йил юқори ўсиш суръатлари билан ривожланиш, барча мавжуд имкониятларни сафарбар этиш, ўзини оқлаган ислоҳотлар стратегиясини изчил давом эттириш йили бўлади. / Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг мамлакатимизни 2013 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2014 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси. // Халқ сўзи, 2014 йил 18-январь №13 (5943).

[2] Каримов И.А. Ўзбекистоннинг 16 йиллик мустақил тараққиёт йўли. –Тошкент: Ўзбекистон, 2007. -Б.46.

исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын изши демократластырыў ҳәм либераллластырыўдан ибарат болып есапланады"[3].

Пуқаралар, юридикалық шахслар, улыўма экономикалық айланыстың барлық субъектлериниң мүлк ҳуқықлары сыяқлы олардың жке меншик ҳуқықларын қорғаў мәселеси де бүгинги күнде ең актуал мәселелерден бирине айланбақта. Негизинде, белгили бир жәмийетлик-ҳуқықый қатнасықларда жеке меншик ҳуқықларды қорғаў ҳәм оларды тийисли нызамшылық нормалары менен тәртипке салыў терең демократиялық мазмунға ийе болып, бунда ол бириншиден, тәреплердиң тең ҳуқықлылығын, өз-ара мәпдарлық ҳәмде мәплер тең салмақлылығын, екиншиден, олар ҳуқықлары ҳәмде миннетлемелериниң өз-ара бирлигин тәмийинлейди. Базар қатнасықлары раўажланып барған сайын жеке меншик ҳуқықлары да раўажлана отырып, олардың қорғалыўы бойынша бойынша жүзеге келетуғын қатнасықлар да оғада кеңейип ҳәм тереңлесип барады. Усы юридикалық қурал тийкарында ғана пуқаралар ҳәм юридикалық шахслар өз зәрүрлиликлерин қанаатландырыў ушын түрли жәмийетлик-экономикалық қатнасықларға кириседи.

Мине усылардан келип шыға отырып, ҳәмде питкериў жумысы темасының актуаллығына тийкарланған ҳалда биз усы изертлеў жумысында пуқаралық ҳуқықый қатнасықлардың өз-ара уйғынлығы негизинде ҳәр түрли жеке меншик ҳуқықлары, олардың юридикалық сыпатламасы, оларды қорғаўға тийисли қатнасықларды ҳуқықый тәртипке салыў ҳәм олардың бузылыўы ақыбетинде олардың қайта тиклениўи менен байланыслы мәселелер, жеке меншик ҳуқықларының раўажланыўына пуқаралық ҳәм пуқаралық процессуал ҳуқыкый нормалардың қолланылыўына тийисли илимий ҳәм әмелий-ҳуқықый машқалаларды кеңнен жарытып бериў ҳәм олардың шешими бойынша белгили бир усыныс ҳәм пикирлерди келтирип өтиў болып есапланады.

Солай етип, бул питкериў жумысының қурылысы өзинде кирисиў, бес параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизимин қамрап алады.

---

[3] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // "Халқ сўзи", 2010 йил 13 ноябрь (№ 220)

# I БАП. ЖЕКЕ МЕНШИК ХУҚЫҚЫ ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ҚАҒЫЙДАЛАР

## 1.1. Жеке меншик ҳуқықы түсиниги, мазмуны хәм әхмийети

Жақын өтмишимизден мәлим, бурынғы аўқам дәўиринде дүзимнин экономикалық негизин жәмийетлик мүлк қурап, ол үстин өзгешеликке ийе еди. Пуқараларды жеке мүлки айрықша формада болмастан, жәмийетлик мүлктен қуралатуғ?н мүлкти бир көриниси деп қаралып келинди. Пуқаралар мүлки объекти шегараланған еди. Себеби, пуқаралар мүлки онын жеке зәрүрлилигин тәмийинлеўге қаратылған “жеке мүлктен ибарат” деп белгиленген еди. Мүлкдар болыў ҳаққында болса, көз алдына келтирип те болмас еди.

Базар экономикасына өтиў ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыў жәмийетлик қатнасықлардың ҳуқықый тийкарларын қайта көрип шығыўды талап етти. Бул экономикалық реформалар мүлкшилик қатнасықлары менен байланыслы болып, ол 1990-жыл 30-октябрде қабыл етилген Өзбекистан Республикасында Мүлкшилик ҳаққындағы[4] нызам ҳәм оған киритилген бир қатар өзгерислерге тийкарланып белгиленди. Бул республика тарийхында мүлк ҳаққындағы биринши бир пүтин мәнисиндеги нызам еди. Усы нызам өз дәўири ушын оғада әҳмийетли, прогрессив әҳмийетке ийе еди. (кейинирек мүлкий қатнасықлардың айырым тәреплери Өзбекистан Республикасының Пуқаралық кодексинде де көрсетип өтилди). Ҳәр бир мәмлекет, жәмийет ҳәм соның менен бир ўақытта шаңарақ, пуқара ушын да меншик биринши материаллық дерек есапланады. Мүлкшилик мәселесиниң унамлы шешилиўи, әсиресе, тийисли нызам ҳүжжетиниң қабыл етилиўи тараўдағы нызамшылық бослығын толықтырған еди.

Ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен-ақ, Өзбекистан күшли ҳуқықый демократиялық мәмлекет пуқаралық жәмийетин қурыўды, базар қатнасықлары арқалы беккем материаллық негизди қәлиплестириўди ҳәм ҳақыйқый мүлкдарлар классын жүзеге келтириўди мақсет етти. Шубҳасыз, “базар

---

[4] Ўзбекистон Республикасининг “Ўзбекистон Республикасида Мулкчилик тўғрисида” қонуни. –Т.: Ўзбекистон. 1991. -30 б.

қатнасықларына өтиўдиң тийкарғы шәрти көп укладлы экономиканы ҳәм бәсекилесиў орталығын қәлиплестириўдиң ҳуқықый, шөлкемлестириўшилик шәрт-шәраятларын жүзеге келтириўден ибарат”[5] еди. “Сол себепли, экономикалық реформалар биринши басқышының оғада әҳмийетли ўазыйпасы мәмлекетлик мүлк монополизмин сапластырыў ҳәм бул мүлкти меншиклестириў есабына көп укладлы экономиканы реал қәлиплестириўден ибарат”[6] болды. Өзбекистан Республикасы Конституциясында “Жеке меншик басқа меншик формалары сықлы қол қатылмайды ҳәм мәмлекет қорғаўында болады. Мүлкдар тек нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте ғана мүлктен маҳрум етилиўи мүмкин» деп көрсетилген (53-статья, 2-бөлим). Жеке меншиктиң тийкарғы Нызамда беккемлениўи, оның экономикалық базар қатнасықларында ҳуқықый тәртипке салыныўын белгилейди ҳәмде оны басқа мүлк формалары менен тең шәраятларда қорғалыўын кепиллестиреди.

Материаллық байлықларды жеке тәртипте өзлестириў ҳәр қыйлы экономикалық қатнасықлар нәтийжесинде әмелге асырылыўы мүмкин. Биринщиден, ислеп шығарыў нәтийжесинде яғный өзиниң өзиниң яки ширкет ийелигиндеги ислеп шығарыў қуралларынан пайдаланып ислеп шығарылған өнимлерди ийелеў (өзлестириў): екиншиден, мүлкдардың тиккелей ислеп шығарыў процессинде қатнаспастан, ислеп шығарыў қуралларынан пайдаланыўда жалланба мийнетти тартыў нәтийжесинде ислеп шығарылған өнимлерин өзлестириўи; үшиншиден, бөлистириў яки қайта бөлистириў нәтийжесинде өзлестириў[7] жеке меншиктиң экономикалық мазмунын береди.

Жеке меншик ҳуқықы ҳаққында айырым алымлар жеке меншик бул дәрамат алыў мақсетинде өз мал-мүлкине ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықынан ибарат болады, деп есапласа, басқа бир алымлар жеке меншик – бул ислеп шығарыў қуралларының жеке шахсларға тийисли болыўы саналады, деп көрсетеди. А.С.Пашков, Е.А.Суханов ҳәм басқалардың

---

[5] Каримов И. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида. -Т.: Ўзбекистон. 1995. -45 б.
[6] [5] Каримов И. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида. -Т.: Ўзбекистон. 1995, 45-46-б.
[7] Суханов Е. А. Лекции о праве собственности. –М.: Юридлит. 1991. -134с.

пикиринше, жеке меншик ҳуқықында жалланба мийнет те өз көринисин табыўы шәрт[8].

Жеке меншиктиң тарийхый мазмунынан ҳәм ҳәзирги дүнья мәмлекетлеринде болған жеке меншик түсиниклеринен келип шығып, олардың унамлы тәреплерин есапқа алған ҳалда ол нызамшылыққа енгизилди. Усыларды есапқа алып, жеке меншик ҳуқықы деп жеке шахстың (мүлк ийесиниң) ислеп шығарыў процессинде тиккелей ҳәм жалланба мийнетти қолланыўда қатнасыўы ҳәмде басқа тийкарларда жүзеге келетуғын мал-мүлк қатнасықларын тәртипке салатуғын ҳәм беккемлейтуғын ҳуқықый нормалар жыйындысы түсиниледи. Бул жеке меншик ҳуқықының объектив мазмунын береди. Усы сыпатлама жеке меншик пенен байланыслы болған барлық қатнасықларды өз ишине қамрап алып, олардың ҳуқық нормаларында белгиленгенлигин көрсетеди. Жеке меншик ийеси өз ислеп шығарыў қуралларынан пайдаланған ҳалда ислеп шығарыў процессинде тиккелей қатнасыўы мүмкин яғный мүлкдар ислеп шығарыўда физикалық жақтан қатнасып, ол яки бул ҳәрекетти әмелге асырады. Бул оның жумысшы, техник, хызметкер, қәниге ҳәм басқа хызметкерлерден бири болып қатнасыўында көринеди. Мүлкдардың қыя тәризде яғный жалланба мийнетти тартыў менен ислеп шығарыўда қатнасыўы дегенде өз ислеп шығарыўына басқа шахслар менен шәртнама яки келисим тийкарында жалланба жумысшы күшин тартыўды, ол яки бул қураллар менен қатнасыўы түсинилип, ол мүлк ийесиниң ислеп шығарыўды шөлкемлестириўинде ислеп шығарыў қуралларына болған ийелигинде ҳәр қыйлы материаллық қаржылар менен қатнасыўында көринеди.

К.А.Улыбкинниң пикиринше, жеке меншик ҳәр бир пуқараға жоқары дәрежеде исбилерменлик имканиятын әмелге асырыўы, өзинде ғәрезсизлик, ҳәрекетшеңлик ҳәм тәўекелшиликти көрсетиўи зәрүр. Булар жеке меншиктиң тийкарғы раўажланыў белгилери болып, оларсыз раўажланыў да болмайды[9]. Соның ушын пуқаралар өзлериниң бар болған имканиятларынан толық

[8] Пашков А. С. Собственность и труд: правовые аспекты взаимодействия.//Государство и право. 1991. №11. 19-28 с.

[9] Улыбкин К. А. Социалистическая собственность без иллюзий и догм. –М.: Высшая школа. 1990. -60 с.

пайдаланып, жеке меншик раўажланыўын әмелде көрсетпекте. Сондай-ақ, жеке меншик инсанларда экономикалық белсендилик, күшли қызығыў ҳәм қатаң жуўапкершилик сезимин оятыў өзгешелигине ийе. Ол экономикалық турмысты раўажландырыўдың зәрүр элементи болып, немқурайдылық ҳәм тутыныў мәплерине шеек қояды. Ол жеке меншик ийесинен туўры-сеап-китап қылыўды, жуўапкерли мүнәсибетте болыўды, ертеңги күн ушын Жан күйдириўди талап етеди. Соның ушын биринши нәўбетте мал-мүлктиң меншик ийесине қатаң тийислилигин ҳуқықый беккемлеў зәрүр. Егер, бул нызамларда көрсетилмесе, қандай да бир тартыс жүзеге келсе, оны шешиў мүмкин болмайды. Егер, бул ҳуқық нормаларында өз көринисирн тапса, мүлкдардың ықтыярынан тысқары қандай да бир жол менен олар қолынан кеткенде оны талап етип қайтарып алыўға ҳақылы болады. Бундай ҳуқықый системасының раўажланыўы Рим жеке ҳуқықында дәслеп өз көринисин тапқан еди. Онда биринши нәўбетте мүлкдардың затлық ҳуқықларын қатаң қорғаў абсалют характерге ийе болып саналады[10].

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының мазмуны оның жоқарыда берилген түсинигинен келип шығады. Оған тийкар пуқаралардың жеке меншик қатнасықларын ҳуқықый тәртипке салыўдың тийкарғы ўазыйпасы соннан ибарат, ол ҳәр бир пуқараның өз мал-мүлкине болған ҳуқықларын өз қәлеўине көре әмелге асырыўда толық еркинликлерге ийе болыў ҳәмде бул ҳуқықлар ҳәм еркинликлерди қатаң қорғаў менен байланыслы болып саналады. Бул пуқаралар жеке меншик ҳуқықының мазмунын ҳәм мүлкдардың тийкарғы ҳуқықларының характерин береди. Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының мазмунын мүлк ийесиниң мал-мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықлары қурайды.

Меншик ҳуқықын үш элемент (ҳуқықлылық) қурайды, олар мал-мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў болып сналады. Бул мүлк ийесиниң ҳуқықлары бизиң нызамшылыққа сырт ел юридикалық әдетине көре кирип келген. Ҳуқықлылық ҳаққында белгили Наполеон Кодексиниң 554-

---

[10] Новицкий И. Б. Римское частное право. –М.: 1949. -16-17 с.

статьясында “Меншик – бул заттан оның имканиятын абсалют дәрежеде пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықы есапланады...”[11] – деп көрсетилген. Бунда меншик ҳуқықының мазмунлық элементлеринен бири ийелик етиў ҳуқықы есапқа алынбайды. Мүлкдар мал-мүлкке ийелик етпейди екен, өз-өзинен белгили, басқа ҳуқықларға да ийе бола алмайды. Буған қосымша етип, 1814-жылы рус юристи В.Г.Кукольник “мүлкдар затқа ийелик етиўи, пайдаланыўы ҳәм оны еркин бөлистириўи (бийлик етиўи) мүмкин[12], – деп атап өтеди. Усы пикир нызамшылықта ҳәзирге шекем бар болып, ол бурынғы аўқам аймағында дүзилген барлық мәмлекетлер меншик ҳуқықының мазмунына тийкар етип алынған. Бул ҳуқықый нормалар жеке ҳуқықтың тийкарын қураған. Мусылман ҳуқықында да мүлк мәселеси де турақлы дыққат орайда болған. Мусылман ҳуқықына көре мүлкдарға төмендеги ҳуқықлар тийисли болған. Mus?lman xuq?q?na ko’4e мүлкдарға төмендеги уқықлар тийисли болған: пайдаланыў ҳуқықы (мәп); ийелик ҳуқықы (қабз), дәрамат алыў ҳуқықы (таъмлик) ҳәм бийлик етиў ҳуқықлары. Онда ийелик ҳуқықы басқа ҳуқықлардан үстин турған. Мүлкий қатнасықларды ҳуқықый тәртипаке салыўдың тийкарғы ўазыйпасы мүлкдардың өз мал-мүлкине карата абсалют мүлкий ҳуқықларды әмелге асырыўды тәмийинлеўден ибарат.

Базар қатнасықлары барған сайын раўажланып атырған ҳәзирги күнде миллий нызамшылығымыздың системасы өзгерди. Турмыстың ҳәр қандай саласында түпкиликли экономикалық, социаллық, ҳуқықый реформалар әмелге асырылмақта. Бунда мүлкий ҳуқықлар да өзиниң мүнәсип орнына ийе. “Мүлкшилик ҳаққында”ғы нызамның 1-статьясына көре “мүлкдар өзине тийисли мүлкке өз ықтыярына көре ийелик етеди, оннан пайдаланады ҳәм оны бийлик етеди”, - деп көрсетилгенлиги айрықша итибарға ылайықлы саналады. Себеби, усы норманың әҳмийети үлкен саналады.

Жоқарыдағыларға тийкарланып пуқаралар жеке меншик ҳуқықының мазмунын пуқаралардың өз қәлеўине көре өзине тийисли мал-мүлкке жеке

[11] Французский Гражданский кодекс 1804 года. –М.: Юридизд. 1941. -153 с.
[12] Кукольник В. Начальные основания российского частного гражданского права. – С-Пб. 1813. -98 с.

ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықлары қурайды. Бул ҳуқық нормасы ғәрезсиз республикамызды Пуқаралық кодексинде де белгилеп қойылса мақсетке муўапық болар еди. Бул ҳалатты төмендегише мазмунда сыпатлаў мүмкин: биринshiден, мүлк ҳуқықыны негизги мазмунын ашып береди; екиншиден, мал-мүлкке қарата хожайынлық сезимин белгилейди: үшиншиден, мүлкдардың ҳуқықлары алдынғы нызамлардағыдай қатаң белгилеп берилмеген болып, ол өз мал-мүлкинен өз қәлеўине қарап ҳәр қандай ҳәрекетти ислеўи мүмкин. Мүлкдардың ҳуқықларынан бири ийелик етиў ҳуқықы болып, бул ҳаққында юридикалық әдебиятларда бир қатар пикирлер илгери сүрилген. Ийелик етиў ҳуқықы дегенде шахстың зат үстинен фактлик ҳүкимранлығы түсиниледи. Биринши нәўбетте, “ийелеў” хәм “ийелик етиў” терминлерини мазмунына итибар бериўимиз керек. “Ийелеў” – бул тәсир менен ҳүкимранлық етип қандай да бир нәрсени қолға киритиў болып саналады. Ески нызамшылықта бул сөз мүлкдардың ҳуқықларынан бири орнында ислетилген еди. Сол дәўирлерде юридикалық әдебиятларда да усы сөз қолланылған.

“Ийелеў” сөзин мүлк ийесиниң ҳуқықларынан бири сыпатында қолланыў бул ҳуқықтың мазмунын туўры ашып бермейди. “Ийелик етиў” сөзи қандай да бир нәрсени (мал-мүлкти) қолында услап турыў, сақлаў мәнисин береди, Соның ушын “ийелеў” сөзи орнына “ийелик етиў” сөзин қолланыў орынлы болады Жоқарыдағыларға тийкарланып ийелик етиў ҳуқықы шахслардың мал-мүлкти өз қолларында услап турыў имканияты болып, оны өз хожалығ есабына киритеди. Бул түсиник кең мазмунда берилген болып, ол мүлкдардың ийелик етиў ҳуқықын толық ашып береди. Бул биринshiден, нызам тәрепинен берилген иканиятлар қайсы мал-мүлклер шахс ийелигинде болыўы мүмкинлигин белгилейди, екиншиден, сол мал-мүлклер шахстың қөлында екенлигин көрсетип, басқа шахслар оған қарата басқа биреў сыпатында турыўы зәрүр. Сондай-ақ, бийлик етиў ҳуқықы мүлкдардың өз ықтыярына көре мал-мүлктиң юридикалық тәғдирин белгилеў имканияты болып, ол булл мал-мүлкти өзинен басқаға бериў, таслап жибериў ҳәм басқа усылларда әмелге асырылады.

## 1.2. Пуқаралар жеке меншик хуқықынын объекти түсиниги

Пуқаралардың жеке меншик ҳуқықы олардың тийкарғы мүлкий ҳуқықы болып, ол пуқаралардың басқа ҳуқықлары менен өз-ара тығыз байланыслы болып есапланады. Тийкарғы нызамымыз болған Конституцияның 36-статьясына муўапық, “ҳәр бир шахс мүлкдар болыўға ҳақылы” деп көрсетилген. Буның менен Конституциямыз пуқаралардың жеке меншик ҳуқықының субъекти екенлигин көрсетип береди.

Е.А.Сухановтың пикиринше, жеке меншик ҳуқықының субъектлери пуқаралар менен биргеликте олардың әпиўайы жыйындысы (ери-зайыбы ҳәм шаңарақ ағзалары) болыўы мүмкин[13].

Ҳәрекеттеги нызамшылықтан келип шығып жеке меншик ҳуқықының субъектлери тек пуқаралар (физикалық шахслар) болыўы нәзерде тутылған. Лекин, жеке меншик өзиниң толық мазмунына ийе болып, ол ҳәм пуқараларға, ҳәм юридикалық шахсларға тийисли болған мүлк формасы болыўы керек.

Ҳуқықый қатнасықта объект болғанындай, пуқаралар жеке меншимк ҳуқықын да объектсиз көз алдымызға келтириў мүмкин емес. Оның объектлери шеңбери жүдә кең ҳәм ҳәр түрли болып саналады.

Нызам менен қадаған етилген айырым затлардан тысқары ҳәр қандай мал-мүлк жеке меншик болыўы мүмкин. Төмендегилер пуқаралар жеке меншик ҳуқықының объектлери есапланады:

-үй-жайлар, квартиралар, дала ҳәўлилер, егинзарлар, ҳайўанлар ҳәм қуслар, үй-руўзыгершилик буйымлары;

-акциялар, облигациялар ҳәм басқа қымбат баҳалы қағазлар;

-ислеп шығарыў, хызмет көрсетиў, саўда ҳәм басқа хожалық искерлиги тараўындағы кәрханалар, мүлкий комплекслер, имаратлоар, қурылыслар, үскене, транспорт ҳәм басқа ислеп шығарыў қураллары;

-ойлап табыўлар, селекция жетискенликлери, санаат үлгилери ҳәм интеллектуал искерликтиң (мүлктиң) басқа нәтийжелери;

---

[13] Суханов Е. А. Лекции о праве собственности. –М.: Юр.лит. 1991. -141с.

-тутыныўға ҳәм ислеп шығарыўға мөлшерленген ҳәр қандай басқа мал-мүлк, нызамларға муўапық жеке меншик болыўы мүмкин, айрым мал-мүлк түрлери буған кирмейди.

Ең әҳмийетлиси, жеке мүлктиң муғдары ҳәм баҳасы шекленбейди.

Меншик ҳуқықы түсинигиниң юридикалық сыпатламасы ПК ниң 104-статьясында берилген. Оған муўапық, меншик ҳуқықы шахстың өзине қараслы мал-мүлкке өз қәлеўи менен ҳәм өз мәплерин гөзлеп ийелик қылыў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў, сондай-ақ, өзиниң меншик ҳуқықын ким тәрепинен болмасын, ҳәр қандай бузыўды сапластырыўды талап қылыў ҳуқықынан ибарат болып есапланады. Бул сыпатлама мүлкдардың өз мүлкине қарата қатнасының барлық ҳуқықый тәреплерин қамрап алады. Соның менен бирге, усы сыпатламада үшинши шахслардың мүлкдар мүлкине қатнасларының ең әҳмийетли нызамлы тийкары кепиллестирилген. Яғный мүлкдардың меншик ҳуқықының ким тәрепинен болмасын ҳәр қандай бузыўдан қорғай алыўы императив норма сыпатында беккемленген. Бул да болса өз нәўбетинде мүлкдар меншик ҳуқықының мәжбүрий мәнисте «муқаддеслигин» аңлатады.

Меншик ҳуқықы өз нәўбетинде еки мәнистеги: обьектив ҳәм субьектив мәнистеги меншик ҳуқықына бөлинеди.

Обьектив мәнистеги меншик ҳуқықы дегенде тәбият затларын социаллық өзлестириўдиң бар болған запасларын, усылларын белгилеў, тәртипке салыў ҳәм беккемлеў ушын халық мәплерин гөзлеп белгиленген илажларды аңлатыўшы ҳуқық нормалары жыйындысы нәзерде тутылады. Атап айтқанда, мүлк ҳаққындағы улыўма қағыйдалар обьектив ҳуқық нормалары есапланады.

Субьектив мәнистеги меншик ҳуқықы деп айырым шахслар яғный ҳуқық субьектлериниң (мәмлекет, юридикалық шахслар ҳәм пуқаралардың) обьектив ҳуқық нормалары тийкарында келип шығатуғын мүлкти ийелеў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықларына айтылады.

Мүлкти өз қәлеўине көре ҳәм өз мәпин гөзлеп ийелеў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў, сондай-ақ, меншик ҳуқықын ҳәр қандай бузылыўлардан сапластырылыўды талап қылыў ҳуқықы түсиниклери меншик ҳуқықының

мазмунын қурайды. Субьектив меншик ҳуқықының мазмунын қурайтуғын бул элементлер мүлк ийесине нызам менен белгиленген шеңберлерде бериледи.

Өзбекистан Республикасының Мүлкшилик ҳаққындағы нызамы ҳәм ПК ниң 1у4-статьясында белгилениўинше, мүлкдар өзине тийисли мал-мүлкке өз ықтыярына көре, өз қәлеўи ҳәм мәплерин гөзлеп ийелик қылады, оннан пайдаланады ҳәм оны бийлик етеди. Сол мазмунда мүлкдар өз мүлкине болған ҳуқықларын ықтыярый рәўиште, өз қәлеўине көре әмелге асырады. Мүлкдардың өз қәлеўи дегенде оның өз ерки, ықрары менен өз мәплерин гөзлеп, биреўдиң (үшинши шахслардың) қысымысыз, нызамсыз тәсирсиз ҳәрекет қылыўы нәзерде тутылады. Егер, мүлкдарға қарата бундай ҳалатта зорлық, қысым жасалған болса, нызам мүлкдардың ерки-қәлеўин еркин әмелге асырылыўын кеиллестиреди ҳәм қорғайды. Соның менен бир ўақытта, мүлкдардың өз қәлеўине көре ис тутыўы нызам, инсап ҳәм әдалат шеңберинде әмелге асырылыўы лазым.

Мүлкдардың мүлкий ҳуқықын өз қәлеўине көре әмелге асырыўда оның мәпи жатады. Бул мәп тиккелей оның өзине, жақынларына яки басқаларға тийисли болыўы мүмкин. Мәселен, ата-ана ержетпеген перзенти атына банкке аманат пул қаржысын қойғанда да, ҳәттеки бунда үшинши шахстың мәпин гөзлегендей болса да, негизинде мүлкдардың ҳәрекети тийкарында ата-ана сыпатындағы миннети жатады. Мүлкдардың өзи қәлеўине көре яки мәпине қарсы рәўиште мүлкий питимлер дүзиўине мәжбүр қылыў, улыўма қағыйда бойынша бундай питимлер ҳақыйқый саналмаслығына себеп болады.

Жоқарыда айтқанымыздай, меншик ҳуқықы үш элемент - мүлкти ийелик қылыў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиўден куралады.

Мүлкти ийелеў ҳуқықы мүлкти қолда яки оған қарата өз ҳуқықларын әмелге асырыўға имкан бериўши қандай да бир орында сақлап турыў болып есапланады. Мүлкти нызамға муўапық рәўиште өз қолында яки өз ерк-ықрары тәсири астында сақлап турған шахс мүлкти ийелеў ҳуқықына ийе. Бундай ҳуқық алды менен мүлк ийесине тийисли болады. Алды менен дегенимиздиң себеби сонда, мүлкти ийелеў ҳуқықы нызам яки шәртнамаға тийкарланып басқа

шахста да болыўы мүмкин. Мәселен, мүлк шәртнама бойынша ижараға берилгенинде, ўақтынша бийпул пайдаланыў ушын тапсырылыўында, аманат қойылыўында яки ҳәкимшилик актлерге муўапық ўақтынша сақлаў ушын қандай да бир шөлкем яки пуқараларға өткерилиўинде ийелик ҳуқықы мүлк ийеси есапланбаған шахста да болыўы мүмкин.

Мүлкти нызам талапларына муўапық қолда сақлап турыўға нызамлы ийелеў деп айтылса, нызамлы тийкарлар болмай турып биреўлерге қараслы мүлкти ийелеў, мәселен, биреўдиң урлатқан яки жоғалтқан мүлкин қолда сақлаўға нызамсыз ийелеў деп айтылады.

Мүлктен пайдаланыў ҳуқықы - мүлктиң пайдалы өзгешеликлерин өзлестириў, мүлктен экономикалық мәнисте пайда көриў есапланады. Мүлктен нызамға муўапық рәўиште пайдаланыўшы шахс сол мүлктен пайдаланыў ҳуқықына ийе болады. Мүлктен пайдаланыў ҳуқықы сол мүлкти ийелеў ҳуқықы менен тығыз байланыслы болып табылады. Мүлкти ийелемей, қолда сақламай турып, оннан пайдаланып та болмайды. Мәселен, мүлк ижарасы шәртнамасына муўапық, ижараға бериўши алды менен мүлкти ижараға алыўшыға нызам яки шәртнамада нәзерде тутылған тәртипте тапсырады. Тапсырыў менен бир ўақытта ижараға алыўшыда мүлкке карата ийелик қылыў ҳуқықы да жүзеге келеди ҳәм ол соннан соң ижараға берилген мал-мүлктен пайдаланыўы мүмкин. Мүлктен ислеп шығарыўда яки күнделикли турмыста пайдаланыўда бул мүлк пүткиллей тутынылады яки белгили бир ўақыт даўамында әсте-ақырын ескиреди.

Егер биреўдиң мүлкинен пайдаланыў нызам яки шәртнама менен белгиленген тийкарлар болмай турып әмелге асырылса, бундай пайдаланыў нызамсыз пайдаланыў есапланады. Мәселен, урланған яки жоғалтылған мүлктен пайдаланыў.

Мүлкти бийлик етиў ҳуқықы - мүлктиң юридикалық тәғдирин белгилеў яғный мүлк бойынша басқа шахслар менен болатуғын ҳуқықый қатнасықты белгилеў, өзгертириў яки бийкар қылыўға қаратылған ҳуқық есапланады.

Мүлк ийеси бийлик етиў ҳуқықына муўапық мүлк бойынша ҳәр қыйлы питимлер, шәртнамалар, атап айтқанда, затты сатыў, саўғаға бериў, ижараға қойыў ҳаққында шәртнамалар дүзе алады. Егер, зат пүткиллей керексиз болып қалса, мүлк ийеси бундай затты таслап жибериўи, өзинен қандайда бир усыл менен жырақ қылыўы мүмкин. Бул ҳуқық мүлкдарға өз мал-мүлкине қарата нызамға қайшы болмаған ҳәр қандай ҳәрекетлерди әмелге асырыў, соның ишинде, мал-мүлктен гиреў нәрсеси сыпатында пайдаланыўы яки оған басқаша жоллар менен ўазыйпа жүклеў, оны басқаға бериў яки мал-мүлкти басқаша усыл менен бийлик етиўге имкан береди.

Бул ҳуқықтың қолдан кетиўи менен мүлкке қарата болған ийелик ҳуқықы да қолдан кетеди. Мәселен, мүлкти аманатқа қойыўда затты ийелеў ҳуқықы, ижараға қойыўда затты ийелеў ҳәм оннан пайдаланыў ҳуқықы биреўге өтсе, заттың сатылыўы яки саўға етилиўинде болса субьектив меншик ҳуқықының ҳәр үш элементи: ийелеў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў ҳуқықлары да пүтинлей басқа шахсқа (яғный мүлкдарға) өтеди.

Айырым жағдайларда, атап айтқанда, мүлкти жоғалтыў, урлатыў жағдайларында мүлк ийеси өз мүлкин ийелеў, пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў имканиятынан айырылса да, ийелик ҳуқықын нызамда белгиленген жағдайларда ҳәм мүддетлерде өзи сақлап турады. Пукараға тийисли мүлк урлатылғанында оның кимниң қолында болыўы анықланғанынан соң нызам менен белгиленген үш жыллық даўа мүддети даўамында талап қылып алыныўы мүмкин. Керисинше жағдайда мүлкке қарата болған ийелик ҳуқықы жоғалады. Улыўма алғанда, мүлкти бийлик етиў элементи кимде болса, сол шахс (ҳәттеки, мүлктиң қолында яғный ийелигинде яки пайдаланыўында болмаса да) мүлкдар есапланады. Өйткени, бийлик етиў элементи мүлктиң формасы ҳәм ҳуқықый статусына қарап берлиги бир ҳүжжетлер (ордер, тилхат ҳәм т.б.) менен тастыйықланады.

Мүлк ийелери өзлерине тийисли меншик ҳуқықынан нызамсыз мақсетлерде, биреўдиң зыянына пайдаланыўға жол қойылмайды.

Мүлкдар ҳуқықлары ҳәм ўәкилликлериниң шегерасы Өзбекистан Республикасы Конституциясының 54-статьясында баян етилген болып, оған тийкарланып мүлкдар өз ҳуқықларын әмелге асырыўда экологиялық орталыққа зыян жеткермеўи, пуқаралар, юридикалық шахслар ҳәм мәмлекеттиң ҳуқықларын ҳәмде нызам менен қорықланатуғын мәплерин бузбаўы шәрт.

Бул конституциялық норма ПК ниң 172-статьясында толық түринде талқыланған. Усы статьяға тийкар мүлкдар өз меншик ҳуқықларын әмелге асырыўда төмендеги шәртлерге әмел қылыўы лазым:

1. Мүлкдардың өз ҳуқықларын әмелге асырыўы басқа шахслардың ҳуқықларын ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузбаўы шәрт;

2. Нызамларда нәзерде тутылған жағдайларда, шәртлерде ҳәм шеңберде мүлкдар басқа шахслар оның мал-мүлкинен шекленген тәризде пайдаланыўына жол қойыўға мәжбүр (мәселен, көшпес мүлк-жер участкасы ийеси қоңсы жер участкасы ийеси қоңсы жер участкасының ийесинен зәрүр жағдайларда, басқа жер участкаларының ийелеринен де өзгениң жер участкасынан шекленген ҳалда пайдаланыў (сервитут) ҳуқықын бериўди талап қылыўға ҳақылы. !детте, сервитут пиядалар ҳәм транспорт жолы, электр, байланыс, газ яки суў трубаларын өткериў ушын зәрүр болыў мүмкин. Жер участкасында сервитут белгилениўи жер ийесин меншик ҳуқықынан ҳеш қашан айырмайды. Сервитуттан пайдаланыўшы менен жер участкасы ийеси ортасында сервитут ҳаққында питим дүзилип, ол көшпес мүлкке тийисли питимлер сыяқлы дизимнен өткериледи. Сервитут белгиленген участканың ийеси егер нызамда басқа тәртип нәзерде тутылмаған болса, сервитут кимниң пайдасын гөзлеп белгиленген болса, сол шахстан участкадан пайдаланғаноық ушын сәйкес ҳақы талап қылыўға ҳақылы есапланады (ПК ниң 173-статьясы);

## 1.3. Пуқаралар жеке меншик хуқықы объектлеринин түрлерге бөлиниўи (классификациясы)

Пуқаралардың жеке меншик ҳуқықы объектлериниң түрлерге бөлиниўи (классификациясы) ҳаққында тоқталып, сонны айтыў мүмкин, булл объектлер тиккелей пуқаралар жеке меншик ҳуқықының толық әмелге асырыў имканиятын бериўши ҳәм пуқаралық айланысынан шекленбеген яки пуқаралаық айланысында болыўы қадаған етилмеген объектлер болыўы кереклиги ҳәрекеттеги пуқаралық нызамшылығында қатаң түрде белгилеп өтиледи. Пуқаралық айланысынан шығарылмаган ҳәм пуқаралардың жеке меншик ҳуқықы объекти саналған объектлер қатарына затлар ҳәм басқа да мал-мүлклер, қымбат баҳалы қағазлар ҳәм басқа да объектлер киреди.

Пуқаралық ҳуқықының объектлеринен бири есапланған затлар белгили бир материаллық баҳалыққа ийе болған ҳәмде экономикалық қатнасықтың предмети бола алатуғын нәрселер ғана болыўы мүмкин.

Затлар халық пәраўанлығы ушын, рсепублика пуқараларының материаллық ҳәм мәдений мүтәжликлерин қанаатландырыў ушын хызмет етеди. Пуқаралық ҳуқықында затлар жанлы затлар да мәселен, үй ҳайуанлары, жансыз затлар да мәселен, үй-жайлар, өндирис қураллары, әсбап-үскенелер, кийим-кеншеклер ҳәм басқа нәрселер инсанлардың жасаўы ушын зәрүр әҳмийетке ийе есапланады.

Ҳуқық субьетлериниң белгили бир зат ҳаққындағы, соның ишинде, заттан пайдаланыў тәртиби ҳәм оны бийлик етиў усыллары ҳаққындағы ис-ҳәрекетлерин белгилейтуғын ҳуқық нормаларының жыйындысына зат ҳаққындағы қағыйда деп айтылады. Затлардың жәмийеттеги тайынланыўынына қарап, олардың ҳәр қайсысы ушын түрлише ҳуқықый қағыйда, мысалы, жерден пайдаланыў қағыйдасы, кәрханалардан пайдаланыў, оларды бийлик етиў сыяқлы қағыйдалар белгиленеди.

Пуқаралық ҳуқықында затлар өзлериниң экономикалық тайынланыўларына, сондай-ақ, ҳуқық нормаларында сәўлелендирилген

физикалық ҳәм басқа өзгешеликлерине қарап бир неше түрге бөлинеди (классификация қылынады).

Затлардың белгили бир өзгешеликлери бойынша да арнаўлы қағыйдалар белгилениўи мүмкин. Мәселен, өзиниң өзгешеликлери бойынша дөгерек-этираптағылар ушын қәўип туўдыратуғын затлар яғный қәўипли қәсийтлерге ийе болған затлар (партлаўшы затлар, қатты тәсир етиўши зәҳәр сыяқлылар) ҳаққында айрықша қағыйдалар белгиленген (ПК ниң 883-статьясы). Бундай затларды  еркин алыў-сатыўға жол қойылмайды. Айланыста болыўға жол қойылмайтуғын пуқаралық ҳуқықлары объектлериниң түрлери (айланыстан шығарылған объектлер) нызамда туўрыдан-туўры көрсетилген болыўы керек (мәселен, Өзбекистан Республикасы Мүлкшилик ҳаққындағы Нызамның 19-статьясы 1-бәнтинде көрсетилген ҳәм Өзбекистан Республикасының абсолют мүлки болып есапланыўшы объектлер). Сондай-ақ, бундай түрдеги затлар Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң 1995-жыл 31-августтағы Айрықша түрдеги кәрханалар ҳәм мал-мүлклерди мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириўдиң айырым мәселелри ҳаққында[1]ғы карарында да беккемленген.

Белгили бир айланыс қатнасыўшыларына ғана тийисли бола алатуғын яки айланыста болыўға арнаўлы рухсатнама менен жол койылатуғын (айланыста ҳәрекетлениўи шекленген объектлер) пуқаралық ҳуқықлары объектлериниң ҳәр түрли нызамларында көрсетилген тәртипте белгиленеди (мысалы, жабық акционерлик жәмийети акциялары фонд биржасында еркин сатылыўы мүмкин емес, аў мылтығы тек рухсат алыў ҳәм дизимнен өтиў тәртибинде физикалық шахс ийелигине өтиўи мүмкин ҳәм т.б.). Сонлықтан, нызам биринши нәўбетте затлардың айланыста болыў өзгешелигине қарап парықлайды. Пуқаралық айланыстан шығарылған затлар пуқаралар ҳәм шөлкемлер ийелигинде болыўы мүмкин емес. Жоқарыда көрсетилгениндей, жер, жер асты байлықлары, суў ҳәм тоғайлар мәмлекетке тийисли мүлк болғанлықтан олар тек пайдаланыўға ғана берилиўи мүмкин. Пуқаралық айланыстан шығарылған затлар пуқаралар ҳәм басқа шөлкемлерге сатылыўы мүмкин емес. Бул затлар гиреўге қойылмайды

ҳәм кредиторлардың талапларын қанаатландырыў ушын олар есабынан ҳақы өндирилмейди.

Егер пуқаралық айланысынан шығарылған зат нызамлы тийкарларға көре пуқаралардың мүлки болып қалса яғный пуқаралардың бийлигине өтсе, ол жағдайда пуқара усы пуқаралық айланысынан шығарылған затты өзинен жырақластырыў шараларын көриўи лазым. Мәселен, генерал қайтыс болғанынан соң оның баласына генералға саўға етилген пистолет мийрас болып өтеди. Бунда баласы пуқаралық айланысынан шығарылған затты нызамлы тийкарларға қолға киритди. Соннан кейин ол бул зат ҳаққында тийисли әскерий бөлимге хабар береди ҳәм ўәкилликли мәмлекетлик уйым пистолеттиң баҳасын төлеп оны мийрасхордан сатып алады.

Пуқаралық айланысынан шығарылған затларға қарата меншик ҳуқықы бәрқулла мәмлекетке тийисли болады.

Айырым затлар халық хожалығы ушын болған әҳмийети, мәмлекет қәўипсизлиги көз-қарасынан ямаса басқа тийкарлар бойынша тек арнаўлы рухсат бойынша алыныўы, сатылыўы мүмкин. Бундай нәрселердиң (затлардың) дизими, сондай-ақ, оларға рухсат бериў тәртиби арнаўлы нызамлар менен белгиленеди. Арнаўлы рухсатлар бойынша алыныўы мүмкин болған нәрселер қатарына: қурал ҳәм оқ-дәрилер, партлаўшы ҳәм радиоактив затлар, қатты тәсир ететуғын зәҳәрлер, мөр ҳәм штамплар киреди.

Валюта баҳалықлары: сырт ел валютасы (банкнотлар, қағаз пуллар, теңге-тийинлар); сырт ел валютасы есабында жазылған төлеў ҳүжжетлери (чеклер, векселлер, аккредитив ҳәм басқалар); банктиң сырт ел валютасына сатып алынатуғын ҳәм усындай валютаға алмастырыў ҳуқықына ийе болған сўм есабындағы төлеў ҳүжжетлери (чеклер ҳәм басқалар); ҳәр қандай форма ҳәм жағдайдағы қымбат баҳалы металлар: алтын, гүмис, платина топарына кириўши металлар (палладий, иридий, радий, рутений ҳәм осмий); шийки ҳәм қайта исленген формадағы қымбат баҳалы тәбийий таслар (алмаз, гәўҳар, яқыт (яконт), зумрад (изумруд), сапфир, мерўерт ҳәм басқалар) Өзбекистан Республикасы нызамларында белгиленген тәртипте ҳәм шеңберлерде ғана

алды-сатты буйымы болыўы мүмкин. Бул қымбат баҳалы металл ҳәм таслардан жасалған зергерлик ҳәм басқа турмыслық буйымлар да усындай буйымлардың сынық бөлеклери буған кирмейди.

Пуқаралық айланысынан шығарылмаған затлар шеңбери оғада кең болып, булар қатарына ҳәр түрли буйымлар киреди. Олар:

***Тутынылатуғын ҳәм тутынылмайтуғын затлар*** (ПК ниң 89-статьясы): тутынылатуғын затлар бир мәртелик пайдаланыў нәтийжесинде пүткиллей жоққа шығатуғын яки сезилерли түрде өзгеретуғын нәрселер (мысалы, азық-аўқат, шийки зат сыяқлылар) есапланады. Тутынылмайтуғын затлар бир қанша узақ ўақыт даўамында өзиниң сапасын сақлайтуғын нәрселер (мысалы, биналар, үскенелер, транспорт қураллары сыяқлылар) есапланады.

Бундай затлар әдетте қайта-қайта пайдаланыўға мүлшерленген болады. Қайта-қайта пайдаланыў даўамында тутынылмайтуғын затлардың жемирилиўи де әсте-ақырын кешеди. Тутынылмайтуғын затлар қатарына: биналар, үскенелер, транспорт қураллары ҳәм басқалар киреди.

***Жеке ҳәм түрге тән белгилери менен белгиленетуғын затлар*: ж**еке белгилери менен белгиленетуғын затлар айрықша тек өзлерине ғана тән белгилери, кем ушырасатуғын яғный өзине тән жалғыз сапалары болған затлар есапланады. Өзиниң белгилери менен басқа уқсас затлардан ажыралып туратуғын нәрселер, мысалы, белгили бир көшедеги, белгили бир санлы үй-жай жеке белгилери менен белгиленетуғын зат бола алады.

Жеке белгилери менен белгиленетуғын затлар қатарына кем ушырасатуғын яғный өзи бир дана болған затлар да киреди. Мәселен, дүнья биринշилигинде чемпион болған ат, таў алмасы ҳәм сол сыяқлылар. Жеке белгилери менен белгиленетуғын затлар басқа затлардан белгили бир усылда белги қойыў яки мөр басыў, сан қойыў менен парықланады.

Усы орында пулдың қайсы түрдеги затқа тийислилиги ҳақындағы мәселеге итибар қаратыў лазым. Өйткени, көпшилик жағдайларда пулдың жеке белгилери менен белгиленетуғын зат па яки түрге тән белгилери менен белгиленетуғын зат па деген сораў туўылады.

Бир тәрептен қарағанда, пулларда конкрет белги ҳәм сан қойылғаны ушын оны жеке белгилери менен белгиленетуғын зат деў мүмкин. Екинши тәрептен қарағанда пуллар бир түрге тән яғный олардың барлығы бир ўазыйпаны - төлеў эквиваленти ўазыйпасын орынлайды.

Пулдың қайсы түрине (жеке яки түрге тән белгилери менен белгиленетуғын затларға) тийислилиги мәселесине жуўап ПК ниң 8u-статьясы 2-бөлиминде көрсетилген. Усы нормаға муўапық, жеке белгилери менен белгиленетуғын затлар басқасы менен алмастырып болмайтуғын затлар есапланады. Пулларды болса басқасы менен алмастырыў мүмкин (мәселен, ири пулды майда пулға ҳәм керисинше).

Түрге тән белгилери менен белгиленетуғын затлар, сан, өлшем ҳәм аўырлық пенен көрсетилетуғын нәрселер есапланады. Мәселен, 100 дана шифер, 100 метр гезлеме, 100 тонна пахта ҳәм т.б. Түрге тән белгилери менен белгиленетуғын затлар басқасы менен алмастырса болатуғын затлар есапланады. Соның ушын да, бундай затларға қарата ***p34s9na n9n g4a5a***ның (яғный түр набыт болмайды) қағыйдасы қолланылады. Пуқаралық ҳуқықында затлардың жеке ҳәм түрге тән белгилери менен белгиленетуғын затларға бөлиниўи үлкен әҳмийетке ийе. !сиресе, миннетлемелерди орынлаўда, миннеттиң натура жағдайында орынланыўында бундай бөлиниўдиң орны айрықша.

***Бөлинетуғын ҳәм бөлинбейтуғын затлар.*** Бөлиў нәтийжесинде ҳәр қайсы бөлеги пүтинниң қәсийетлерин өзинде сақлап қалатуғын ҳәм соның менен бирге өзиниң хожалық (мақсетли) әҳмийетин жоғалтпайтуғын зат бөлинетуғын зат есапланады. Мәселен, бир қап ун, бир қап картошка, бир бидон пахта майы сыяқлы.

Бөлинбейтуғын затлар бөлиў нәтийжесинде бөлеклери дәслепки заттың (пүттинниң) қәсийтлерин жоғалтатуғын, оның хожалық (мақсетли) әҳмийетин өзгертетуғын зат бөлинбейтуғын зат есапланады (ПК ниң 88-статьясы). Бөлинбейтуғын затларға шкаф, стол, телевизор сыяқлылар киреди.

Пуқаралық ҳуқықында затлардың тийкарғы тийкарғы ҳәм тийисли затларға бөлиниўи де (ПК ниң 90-статьясы) ҳуқықый әҳмийетке ийе есапланады. Тийисли зат деп тийкарғы затқа хызмет қылыўға тайынланған ҳәм улыўма хожалық мақсети жағынан оның менен байланыслы болған нәрселерге айтылады. Мысалы, тийкарғы зат қулып болса, оған тийисли зат гилт болады.

Тийисли зат, егер нызамда яки шәртнамада басқаша тәртип белгилеп қойылмаған болса, тийкарғы заттың тәғдирине байланыслы болады. Сонлықтан, тийкарғы зат ҳаққындағы шәртлер тийисли затқа да қараслы болады. Мәселен, биреўдиң ийелигине яки ўақтынша пайдаланыўына тийкарғы зат өтсе, тийисли зат та оның менен бирге өтеди. Лекин нызам яки шәртнамада басқаша жағдайлар да белгилениўи мүмкин яғный тийкарғы зат биреўге өткерилгенде тийисли заттың қалдырылыўы ҳаққында өз алдына келисим де болыўы мүмкин.

Тийисли заттан оның қурам бөлегин ажыратыў керек. Заттан оны зыянландырмай ҳәм қунын сезилерли түрде түсирмей ажратылыўы мүмкин болмаған ҳәр нәрсе заттың қурам бөлеги есапланады. Егер, мысалы, велисопедтиң насосы тийисли зат болса, автомашинаның радиаторы заттың қурам бөлеги есапланады.

***Қурамалы затлар.*** Егер ҳәр қыйлы затлар бирикпениң мәниси менен белгиленетуғын ўазыйпасы бойынша пайдаланыў имканын беретуғын толығы менен бир пүтинди қураса, олар бир зат (қурамалы зат) болып есапланады. Қурамалы зат ҳаққында дүзилген питим, егер шәртнамада басқаша тәртип белгилеп қойылған болмаса, оның қурам бөлеклерине тийисли болады (ПК ниң 91-статьясы).

***Айырым затлар өним ҳәм дәрамат беретуғын затлар*** болыўы ҳәм сол себепли бул өним яки дәраматлардан пайдаланыў, оларды бийлик етиў ҳаққындағы исти шешиў мәселеси қойылыўы мүмкин. Заттың өним ҳәм дәраматлары ҳаққында Пуқаралық кодексиниң айырым статьяларында көрсетпе бериледи. Соның ишинде, ПК ниң 230-статьясында мүлкти биреўлердиң

нызамсыз ийелеўинен талап қылып алыўда дәрамат ҳәм қәрежетлердиң төлениўи айтылады.

Заттан келетуғын өним ҳәм дәраматлар, егер нызамда яки шәртнамада басқаша тәртип белгилеп қойылган болса, зат ийесине тийисли есапланады (ПК ниң 92-статьясы).

Пул да пуқаралық ҳуқықының объекти есапланады. Пул мәмлекеттиң хожалық турмысында, соның ишинде, саўдада үлкен әҳмийетке ийе. Пул өзиниң узақ даўам еткен эволюциялық раўажланыўында, мал-ҳал, зайтун майы, алтын ҳәм гүмис қуймасы көрнисиндеги айырбаслаў қуралларынан ҳәзирги электрон пулларға, кредит карточкаларына шекем болган жолды басып өтти. Пул базар экономикасын раўажландырыўдың әҳмийетли қуралларынан бири есапланады.

Ғәрезсиз мәмлекеттиң тийкарғы атрибутларынан бири - бул оның миллий валютасы есапланады. Сол мәнисте мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформалардың гүлтажы Өзбекистан Республикасының миллий валютасы - сўмды айланысқа киргизиў болды.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1995-жыл 16-июньдеги «Өзбекистан Республикасының миллий валютасын айланысқа киритиў ҳаққында»ғы Пәрманы менен Өзбекистан Республикасы Конституциясының 122-статьясына, «Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик ғәрезсизлигиниң тийкарлары ҳаққында»ғы Нызамның 11-статьясына ҳәм Өзбекистан Республикасы Олий Кенгашиниң 1992-жыл 2-сентябрьдеги 932-XII санлы қарарына муўапық 1995-жылдың 1-июлинен баслап Өзбекистан Республикасының аймағында 1000 Сўм купонға бир «Сўм» қатнасы менен Өзбекистан Республикасының миллий валютасы- «Сўм» айланысқа киритилди.

Өзбекистан Республикасының миллий валютасы - «Сўм» Өзбекистан Республикасы Орайлық банкиниң қуны 1, 2, 3, 10, 23 30, 100 сўм болған банк қағаз пуллар «банкноталар» ҳәм 1, 2, 3, 10, 20, 30 «Тийин», 1, 3, 10, 23, 30 сўм болған металл теңге-тийинлар ҳалында нақ пул айланысына шығарылды.

Усы Пәрманның 5-бәнтине муўапық 1995-жылдың 1-июлинен баслап Өзбекистан Республикасы аймағында «Сўм» мүлкшилик формасынан қәттийнәзер нызамлы төлеў қуралы есапланады.

«Сўм»лар ҳәм «Тийин»лар Өзбекистан Республикасы аймағында мүлкшилик формаларынан қәттийнәзер ҳәмме физикалық ҳәм юридикалық шахслар тәрепинен барлық түрдеги төлеўлерге, сондай-ақ, банклер тәрепинен аманатлар ҳәм есап бетлерине қосып қойыў ушын ҳеш қандай шеклеўлерсиз қабыл қылыныў мәжбүрий есапланады.

Өзбекистан Республикасы аймағында миллий валюта - «Сўм» менен бир қатарда еркин айланыстағы валютада төлеў қуралы сыпатында белгиленген тәртипте пайдаланыўға рухсат берилди[1].

Өзбекистан Республикасы аймағында әмелге киритилген пул айланысын беккемлеў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети бир қатар қарарлар қабыл етти. 1995-жыл 12-июльдеги «Айланыстағы нақ пулларды кемейттириўге тийисли шара-илажлар»[2], 1995-жыл 22-июльдеги «Өзбекистан Республикасы миллий валютасының ишки еркин алмасыўын тәмийинлеўге тийисли шара-илажлар ҳаққында»ғы[2] қарарлар солар қатарына киреди.

Пуллар физикалық белгилери менен белгиленген затлар қатарында болып, пул белгилериниң саны бойынша есапланбай, бул белгилерде көрсетилген суммаларға қарап есапланады.

Пул ҳәр қыйлы питимлердиң, мысалы, алды-сатты, қарыз ҳәм басқа питимлердиң предмети болып, халық хожалығында, сондай-ақ, пуқаралық-ҳуқықый қатнасықларда зәрүр әҳмийетке ийе.

Президентимиз И.А.Каримов айтқанындай, «Миллий мақтаныш, мәмлекет ғәрезсизлигиниң нышаны, суверен мәмлекетке тән белги болып табылады. Бул республикаға тийисли улыўма байлық ҳәм мүлк болып табылады».

Пул (валюта), валюта баҳалықлары ҳаққындағы қағыйда ПК ниң 95-93-статьяларында берилген.

Қымбат баҳалы қағазлар Пуқаралық кодексиниң 96-статьясында көрсетилгениндей, мүлкий ҳуқықларды белгиленген формаға ҳәм мәжбүрий реквизитлерге әмел қылған ҳалда тастыйықлаўшы ҳүжжетлер есапланады.

Қымбат баҳалы қағазлар басқа шахсқа берилиўи менен олар тәрепинен тастыйықланатуғын ҳәмме ҳуқықлар да сол шахсқа өтеди.

Қымбат баҳалы қағазлар қатарына ПК ниң 96-статьясы 2-бәнтинде көрсетилгениндей, облигация, вексель[1], чек, депозит ҳәм аманат сертификатлары, банктиң усыныс қылыўшыға пул берилетуғын аманат дәптершеси, коносамент, акция ҳәмде нызам ҳүжжетлери менен қымбат баҳалы қағазлар қатарына киритилген басқа ҳүжжетлер киреди.

Акциялар, облигациялар ҳәм ғәзийне миннетлемелеринде көрсетилетуғын реквизитлерди Өзбекистан Республикасының Финанс министрлиги, депозит сертификатлары ҳәм вексellerде көрсетилетуғын реквизитлерди болса Өзбекистан Республикасы Орайлық Банки белгилейди. Қымбат баҳалы қағазлар ийеси аты жазылған ҳәм усыныўшыға тийисли деп көрсетилиўи мүмкин.

Қымбат баҳалы қағазлар айланысы дегенде Өзбекистан Республикасында оларды сатып алыў ҳәм сатыў, сондай-ақ, республика нызамларында нәзерде тутылған, қымбат баҳалы қағазлар ийеси алмасыўына алып келетуғын басқа ҳәрекетлер түсиниледи.

Өзбекистан Республикасы аймағында (депозит сертификатлары ҳәм векселлерден тысқары) айланысқа шығарыў ҳәмде оларды дизимнен өткериў қағыйдаларын Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги тастыйықлайды. Мәмлекетлик дизимнен өткерилген ҳәмде белгиленген тәртипте дизим номерин алған қымбат баҳалы қағазлар ғана Өзбекистан Республикасы аймағында шығарылыўы ҳәм айланыста болыўына жол қойылады. Мәмлекетлик дизимнен өткерилмеген қымбат баҳалы қағазларды шығарыў нызамсыз есапланады. Бул оларды ҳәмде усы қымбат баҳалы қағазларды сатыўдан түскен пулдың алып қойылыўы ҳәм қолдан жиберилген пайда қапланыўын есапқа алған ҳалда инвесторларға қайтарып берилиўине себеп болады.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1996-жыл 26-мартта қымбат баҳалы қағазлар базарының ислеў нәтийжелилигин асырыў ҳәм оны мәмлекетлик жол менен тәртипке салыў, оның қатнасыўшылары искерлигин муўапықластырыў, инвесторлардың ҳуқық ҳәм мәплерин исенимли қорғаўды тәмийинлеў мақсетинде шығарылған «Өзбекистан Республикасы мәмлекетлик мүлк комитети қасында қымбат баҳалы қағазлар базарының ислеўин муўапықластырыў ҳәм бақлаў орайын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы[1] Пәрманы қымбат баҳалы қағазлар базарын қәлиплестириў, раўажландырыў, бақлаў ҳәм тәртипке салыў тараўында мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда қымбат баҳалы қағазлар менен болатуғын қатнасықларды және де раўажландырыўға қаратылған «Қымбат баҳалы қағазлар базарының искерлик көрсетиў механизми ҳаққында» 1996-жыл 23-апрелде Өзбекистан Республикасының нызамы ҳәм басқа нызам ҳүжжетлери Өзбекистан Республикасының басқышпа-басқыш базар қатнасықларына өтиўинде қымбат баҳалы қағазлар менен болатуғын қатнасықлардың ҳуқықый механизмин тәмийинлеўде зәрүр әҳмийетке ийе.

# II БАП. ЖЕКЕ МЕНШИК ХУҚЫҚЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫН ТИЙКАРҒЫ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

## 2.1. Мүлк объектлерине қарата пуқараларда жеке меншик хуқықының жүзеге келиўи тийкарлары

Базар экономикасы шараятында пуқаралардың жеке меншик хуқықынын жүзеге келиўи тийкарларынан ең көп тарқалғанларынан бири бул пуқаралық ҳуқықый питимлери есапланады. Питимлер ҳар турли турлерге бөлиниўи мумкин. Маселен, мал-мүлкти алыў-сатыў, саўға, айырбаслаў, мүлк арендасы ҳәм басқа нызам қадаған етпеген питимлер тийкарында жүзеге келиўи мумкин.

Мүлк ҳуқықының жүзеге келиўинде ҳәмме ўақыт белгили бир юридикалық факт болады ҳәм бunың натийжесинде мал-мүлкти өзлестириўши шахс оның мүлкдары болады.

Белгили, ҳар қандай юридикалық фактлер пуқаралық ҳуқықый қатнасықларды жузеге келиўи ушын тийкар болады. Пуқаралық ҳуқықый қатнасықлардың жузеге келиўи оның белгили бир белгилери менен байланыслы болып, нызамлы ҳуқықый ақыбетти шахстың ерк қалеўине байланыслылығы яки белгили бир ҳалатлардың жузеге келиўи олардың ерк қалеўинен тысқарыда болыўына қарап, юридикалық фактлер, ҳарекетлер ҳәм ҳадийселерге бөлинеди.

Мүлк ҳуқықының алыныўы тийкарларында жамиеттиң экономикалық системасы өз коринисин табады. Мүлк ҳуқықының алыныўы: ***даслепки ҳәм жүзеге келиўши тийкарлар***ына бөлинеди. Раўажланған Рим жеке ҳуқықы ҳәмде мамлекетимизде бир неше асирлер даўамында амелде болған мусылман ҳуқықында да мүлк ҳуқықын қолға киритиў усыллары тап сондай формада болған[17].

Бул формада мүлк ҳуқықын қолға киритиў усылларының даслепки ҳәм жүзеге келиўшиге ажыратыўдың тийкарғы мазмуны соннан ибарат, олар арқалы мал-мүлкти қолға киритken шахс, яъғный мүлкдардың ҳуқық ҳәм

[17] Новицкий И.Б. Основы римского гражданского права. –М.: Юр.лит. 1972. –С.84.; Ахмеджанов У.М. Институт собственности в мусульманском праве. Автореф.дисс.к.ю.н. –М.: 1964. –С.14.

миннетлемелериниң көлеми ҳәм шеңбери белгиленеди. Мал-мүлкке даслепки усылда мүлк ҳуқықын жузеге келиўинде мүлк ийеси ҳуқық ҳәм миннетлемелериниң шеңбери нызам менен белгиленеди, пайда болыушы усылда болса мүлк ҳуқықының жузеге келиўи алдыңғы мүлк ийесиниң ерк, қалеўи, оның ҳуқық ҳәм миннетлемелери, тареплердиң келисиўи ҳәм мамлекет басқарыў органларының актлери улкен аҳмиетке ийе болады[18].

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының жузеге келиўин билдиретуғын даслепки тийкарлар бойынша мүлкке қарата ийелик ҳуқықы алдын ҳеш кимге тийисли болмаған мүлкке қарата яки алдынғы мүлк ийесиниң ҳуқықы менен байланыслы болмаған ҳалда жузеге келеди. Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының даслепки тийкарда жузеге келиўи:

бириншиден, табият байлықларын өзлестириў;

екиншиден, ислеп шығарыў ҳәм исбилерменлик искерлигин әмелге асырыў натийжесинде жаңа затларды жузеге келтириў;

ушиншиден, ийесиз мүлктиң суд қарары менен мамлекет ықтыярына алыныўы;

төртиншиден, ийеси болмаған мүлкке яки ийеси болса да хожалықсыз сақланып атырған мүлкке, ийелери тарепинен белгиленген муддетлерде талап қылып алынбаған мүлклерге, сол қатарда табылған затлар, ғазийнелер (басқа усылда жасырылған нарселер) табылыўы ҳалларында жуз береди.

В.Эргашев жаратылған яки ислеп шығарылған мал-мүлкке қарата пуқаралар жеке меншик ҳуқықын қолға киритиў тийкарларын төмендегилерге ажратады: а) пуқаралар тарепинен исбилерменлик ҳәм басқа хожалық искерлиги шеңберинде әмелге асырылатуғын ислеп шығарыў искерлиги натийжесинде жаңа мал-мүлк жаратыў ҳәм көбейттириў; б) мал-мүлктен хожалық усылында ҳәм өзгеше усылда пайдаланыў натийжесинде товар, өним ҳәм басқа дарамадлар алыў; в) қайта ислеў; г) пуқараларға белгиленген тартипте ажыратып берилген жер участкасында жеке тартипте уй-жай қурыў;

[18] Раҳмонқулов Ҳ.Р. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар. –Т.: Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси. 1997. -338 б.

д) өзбасымшалық пенен қурылған имаратларға қарата мүлк ҳуқықын қолға киритиў[19].

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының жузеге келиўинде ийелик ҳуқықын жузеге келтириўши муддет өзине тан есапланады. Мүлкдар болмаған, бырақ көшпес мал-мүлкке он бес жыл даўамында яки басқа мал-мүлкке бес жыл даўамында өзиники сыяқлы ҳадал, ашкара ҳәм узликсиз ийелик қылған шахс бул мал-мүлкке қарата мүлк ҳуқықын алады, яъғный толық маънисте мүлкдар ҳуқықларына ийе болады (ФКниң 187-статьясы).

Аҳмиетлиси, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң 1996 жыл 29 августтағы "Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексин әмелге киритиў тартипи ҳаққында"ғы қарарында белгилениўинше, усы 187-статьяның қағыйдалары мүлкке ийелик етиў 1997 жылдың 1 мартына (яъғный, жаңа ФК әмелге киритилгенге шекем) шекем басланған ҳәм кодекс әмелге киритилип атырған ўақытда даўам етип атырған ҳалларға да еңизиледи. Демек, усы ҳалаты бойынша ФК нормасы арқаға қайтыў кушине ийе болады.

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықы жузеге келиўиниң даслепки тийкарларынан жане бири - ҳәмме жыйнп алыўы мумкин болған затларды мүлкке айландырыў. ФКниң 189-статьясында көрсетилиўинше, нызам ҳужжетлеринде жабайы мийўелер, ғоза, замаррық ҳәм басқа мийўелер ҳәмде өсимлик, ҳайўанат дуньясы ҳәм жансыз табияттың ҳәмме алыўы мумкин болған басқа объектлерин жыйнаў жолы менен пуқаралар мүлкине айландырыў тартипи ҳәм шартлери белгилеп қойылыўы мумкин. Бундай тартипте мүлк ҳуқықы тоғайлардан замаррық, мийўелер териў, тегислик ҳәм таўлардан дарилик шөплер топлаў, дарья ҳәм көллерден балық аўлаў арқалы жузеге келиўи мумкин. Бырақ, белгили, усы мүлк объектлери өскен аймақ жеке меншик ҳуқықф тийкарында басқаға тийисли болмаслығы лазым. Мүлк объектлериниң айырымларын аўлаў ушын ўакилликли мамлекет органында рухсат (лицензия) алынған болыўы талап етиледи.Усы ўақытда балық ҳәм басқа

---

[19] Эргашев В.Ё.Фуқаролар хусусий мулк ҳуқуқи вужудга келиши ва бекор бўлишининг илмий-назарий жиҳатлари. Ю.ф.н.дисс... автореф. –Т.: ТДЮИ. 2005. -12-13 б.

жаниўарларды аўлаў аўға рухсат берилген маўсуидеғана жол қойылады, басқа жағдайжа аўланған жаниўарлар конфискация қылынып, аў қураллары алып қойылыўы ҳәм оларға қарата тийисли жаза шаралары қолланылыўы мумкин.

Табылмаға қарата мүлк ҳуқықын қолға киритиў тийкарлары ҳәм тартипи төмендегилерден ибарат: а) таўып алынған буйымның ийеси белгисиз болыўы; б) табылманың предмети тек ғана көшер затлардан ибарат болыўы; в) буйымның жоғалтылғанлығы; г) таўып алыўшы шахстың инсаплы ҳарекет етиўи; д) жоғалган затты алыўға ҳақлы болған шахсты анықлаў ушын орнатылған алты айлық муддеттиң өтилиўи талап етиледи. Бул шартлер орынлаңандағана таўып алыўшы шахс табылмаға қарата мүлк ҳуқықын қолға киритиўи мумкин[20].

ФКниң 196-статьясында ғазийнеге қарата мүлк ҳуқықын жузеге келиўи касийетлери белгилеп қойылған. Ғазийне деп ийесин анықлаў мумкин болмаған яки ол нызамға муўапық ҳуқықларын жоғалтқан, жерге көмилген яки басқаша усылда жасырылған пул яки қимбат баҳалы буйымларға айтылады. Жасырып қойылған мал-мүлк (жер участкасы, имарат ҳәм т.б.) мүлкдари болған шахсқа ҳәм ғазийнени тапқан шахс мүлкине егер олар ортасындағы келисиўге муўапық басқаша тартип белгиленген болмаса, тең улеслерде тийисли болады.

Ғазийне ол жасырып қойылған жер участкасы яки басқа мал-мүлк ийесиниң мүлкдарының разылығысыз қазылма жумысларын алып барған яки байлық қыдырған шахс тарепинен табылған тақдирде, бул ғазийне ол табылған жер участкасының яки басқа мал-мүлкттиң ийесине тапсырылыўы шарт. Тарийх ҳәм маденият естеликлери қатарына киретуғын затлардан ибарат ғазийне табылған тақдирде, олар мамлекет ықтиярына өтеди. Бырақ ғазийне табылған жер участкасы ийеси ҳәм ғазийнени тапқан шахс ғазийне муғдарынын елиў проценти муғдарында саўға алыўға ҳақлы.

Мүлкке қарата ийелик ҳуқықын жузеге келтириўши пайда болыушы усылы дегенде белгили бир шахс тарепинен мүлк ҳуқықының алыныўы

---

[20] Эргашев В.Ё.Фуқаролар хусусий мулк ҳуқуқи вужудга келиши ва бекор бўлишининг илмий-назарий жиҳатлари. Ю.ф.н.дисс... автореф. –Т.: ТДЮИ. 2005. -14 б.

даслепки мүлк ийесиниң ҳуқықына байланыслы болған усыл назерде тутылады. Бул усылда мүлк ҳуқықының белгили буйымға қарата пайда болыўы яки бул буйымга қарата мүлк ҳуқықының алдын белгили шахсқа тийисли болыўы менен байланыслы есапланады. Усы манисте мүлк ҳуқықының басқа шахсқа өтиўи ҳаққында сөз журитиледи. Сонлықтан, пайда болыушы усылы бойынша мүлк ҳуқықы жузеге келгенде бул мүлкке қарата болған ҳуқықты бир шахстан екинши шахсқа көширилиўи ҳаққында сөз барады. Маселен, алды-сатты шартнамасы дузилиўи жолы менен өзлерине тийисли буйымға қарата ийелик ҳуқықы бир шахста, яғный сатып алыўшыда пайда болады. Пуқаралар жеке меншик ҳуқықының пайда болыушы усылында жузеге келиўине мысал қылып алды-сатты, саўға, айырбаслаў, қарыз шартнамалары, сонбдай-ақ нызам ҳәм ўасият бойынша мийрас алыў, мамлекет мүлкин жеке меншиклестириў арқалы алыныўын көрсетсе болады.

Пуқаралық кодексиниң 185-статьясында көрсетилгениндей, шартнама тийкарында мал-мүлк алыўшыда мүлк ҳуқықи, егер нызам ҳужжетлери яки шартнамада басқаша тартип назерде тутылған болмаса, буйым тапсырылған ўақыттан баслап жузеге келеди. Егер буйымды биреўге өткизиў ҳаққындағы шартнама нотариал тастыйқландырылыўы яки мамлекет дизиминен өткизилиўи лазым болса, ийелик ҳуқықы бундай шартнама нотариал тастыйқландырылған яки дизимнен өткизилген ўақыттан баслап жузеге келеди.

Нызамда уй-жай (квартира) ға мүлк ҳуқықының жузеге келиўи белгиленген тартипте ажыратып берилген жер участкасында көрилип атырған жаңа уй-жайға мүлк ҳуқықы мамлекет дизиминен өткизилген ўақыттан баслап жузеге келиўи белгиленген. Бир яки бир неше шахслар тарепинен көрилип атырған уй-жай қурылыс тамам болғанға шекем ҳәм дизимнен өткизилгенге шекем жергиликли ҳакимият органларының рухсатысыз басқа шахсқа берилиўи мумкин емес. Мамлекетке қараслы уй-жай (квартира) ға мүлк ҳуқықы нызам ҳужжетлеринде назерде тутылған жеке меншиклестириў тәртибинде жузеге келеди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Юридикалық шахслар ҳәм пуқаралардың бикалары ҳәмде иншаатлары менен банд болған жер участкаларын жеке меншиклестириў ҳаққында”ғы Парманы қабыл қылынды[21]. Оған көре, 2007 жылдың 1 январынан баслап Өзбекстан Республикасының юридикалық шахслары – резидентлер мүлкий ҳуқық тийкарында өзлерине қараслы яки олар тарепинен жеке меншиклестирилетуғын бина ҳәм иншаатлар, ислеп шығарыў инфраструктурасы объектлери жайласқан жер участкаларын, сондай-ақ бул объектлерге тутас жер участкаларын қолланылатуғын технология процесслери, қала қурылысы норма ҳәм қағыйдаларын есапқа алған ҳалда, ислеп шығарыў искерлигин әмелге асырыў ушын зарур болған муғдарда жеке меншиклестириў ҳуқықына ийе болады. Бунда ең аҳмиетлиси, жер участкаларын жеке меншиклестириў базар баҳасынан келип шығыўы, нызам ҳужжетлеринде белгиленген тартипте мүлкке ийелик ҳуқықын расмийлестирген ҳалда еркин әмелге асырылыўы белгиленди. Сондай-ақ, 2008 жыл 1 январынан баслап Өзбекстан Республикасының пуқаралары – резидентлерине жеке тартипте уй-жай қурыў ҳәм тураржай бинасына хызмет көрсетиў ушын ажыратылған жер участкаларын жеке меншиклестириў ҳуқықы берилетуғын болды. Усы Парманның пуқаралық ҳуқықы көз- қарасынан аҳмиетли жане бир тарепи сонда, онда жеке меншиклестирилген жер участкасы оборотта, сол тийкарда сатып алыў – сатыў, айырбаслаў, саўға етиў, мийрас, пайдаланыў (арендаға бериў) бойынша питимлер дузиўде шекленбейтуғын, гиреў, сол қатарда банклер ҳәм басқа кредит мекемелеринен кредит алыў ушын гиреў болып хызмет қылыўы мумкинлиги белгиленди.

Пуқаралардың жеке меншик мүлкке қарата ийелик ҳуқықының өтиў ўақты нызамда анық белгилениўи биреўге өткизилип атырған буйымлардың тосыннан набыт болыўы яки бузылыў қаўпи, яъғный бунық натийжесинде келген зыян кимниң мойнында болатуғынлығын белгилеў де улкен аҳмиетке ийе.

---

[21] //Халқ сўзи, 2006 йил 26 июл.

Базар қатнасықлары шараятында пуқаралар жеке меншик мүлк ҳуқықы исбилерменлик, исбилерменлик искерлиги натийжесинде алынатуғын дәраматлар тийкарында да жузеге келиўи мумкин.

Булар тийкарынан пуқараның өзине тийисли мал-мүлкти көбейтириў, олардан товарлар, өнимлер ҳәм дәраматлар алыў натийжесинде[22] жузеге келип, оларға пуқараларда жеке меншик мүлк ҳуқықы белгили бир буйымның өз хожалығында пайда болыў ўақытында жузеге келеди.

## 2.2. Жеке меншик хуқықы айрықша объектлериниң хуқықый режими

Базар қатнасықларына өтиўде пуқаралардың өз мал-мүлклерине қарата ийелигин белгилеў улкен аҳмиетке ийе. Бул мүлкдар ийелигиндеги мүлк объектлерге қарата қандай ҳуқықларға ийелиги, олардан пайдаланыў тәртиби ҳәм бийлик етиў қағыйдалары яъғный, ҳуқықый режими менен тиккелей байланыслы есапланады.

Инсанның жасаўын таъминлеў ушын зарур болған барлық материаллық байлыкларды жаратыўш дереги болып, социал ислеп шығарыў процесси есапланады.

Пуқаралар ислеп шығарыўда қатнасыўы натийжесинде қолға киритилген мал-мүлклер, дәраматлар жамиет маплерин көзлеген ҳалда мамлекетте амелде болған ҳуқықый нормалар менен тартипке салынады. Бул мал-мүлклерден олар ҳар қандай ерк-қалеўинен ғарезсиз турде мүтажликлери ушын өз қалеўине көре пайдаланады[23].

Пуқаралар социал ислеп шығарыўда, яъғный мамлекет, ширкет, жамаат, кооператив ҳәм басқа тийкарда хожалық журитиў менен байланыслы болған ислеп шығарыў процессинде қатнасыўы натийжесинде өз исши кушин шартнама яки басқа келисимге тийкарланып бийлик етип, белгили бир мал-мүлк, дәрамат алыў ҳуқықына ийе.

---

[22] Халфина Р. О. Право личной собственности. –М.: Наука. 1964. -75 с.
[23] Суханов Е. А. Лекции о праве собственности. –М.: Юр.лит. 1991. -9 с.

Усы дәраматларға ийе болған пуқара өз қалеўине көре оны ийелейди, яъғный пул суммасындағы дәраматты өз ийелигинде услап турыўы яки оны қандай да бир жамғарма банкине процент есабына тапсырыўы мумкин ямаса басқа питимлер дузиўи мумкин.

Ҳазирги кунде жамғарма банклерине қойылатуғын сумма муғдары шекленбейди ҳәм сыр сақланады. Пуқаралар өзи социал ислеп шығарыўдан тапқан пулларын өз ерк-қалеўине муўапық, нызам жол қойған шеңбери бийлик етиўге ҳақлы.

Республикамызда Конституция менен бирге жеке меншик мүлкке тийкарланған базар қатнасықларының ҳуқықый негизин қурыўға ҳәм исбилерменликти раўажландырыўға қаратылған бир қанша нызамлар да қабыл қылынды. Булар арасында 1991 жыл 15 февральда қабыл қылынған “Өзбекстан Республикасында исбилерменлик ҳаққында”ғы нызам айрықша орын ийелеген еди. Усы нызам базар экономикасына қадем қойған Өзбекстан турмысында қабыл қылынған даслепки нызамлардан бири болып, исбилерменлик пенен байланыслы барлық қатнасықларды ҳуқықый тартипке салыўға тийисли қағыйдаларды толық қамрап алмаған еди. Онда исбилерменлик шөлкемлестириў, оның амел қылыўы ҳәм раўажланыўының ҳуқықый тийкарлары, исбилерменлик ҳаққындағы тийкарғы ҳәмде улыўмалық қағыйдалар көзде тутылады. Бул нызам өз ўақтында Өзбекстанда исбилерменликти енгизиў ҳәм раўажландырыў ушын нызамлы тийкар болды. Экономикалық реформаларды жанеде тереңлестириў ҳәм исбилерменлик искерлигин буннан былайда раўажландырыў ушын шарт-шараятларды жаратыўш мақсетинде 1999 жыл 14 апрельде “Исбилерменлик ҳәм исбилерменлер искерлигиниң кепилликлери ҳаққында”ғы нызам қабыл қылынды. Экономикалық еркинлестириў ҳәм оныы кең көлемде әмелге асырыў процесси исбилерменликти ҳуқықый тартипке салыўға қаратылған нызамлы қағыйдаларды жанеде жетилистириўди ўазыйпа қылып қойды. Усы ҳалатты есапка алған ҳалда 2000 жыл 25 майда Өзбекстан Республикасының “Исбилерменлик искерлиги еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында”ғы нызамы

қабыл қылынды ҳәм жоқарыдағы нызамлар өз кушин жоғалтты. Буннан тысқары исбилерменлик искерлигин тартипке салыўшы Банкротлык ҳаққында, Жеке меншик кархана ҳаққында, Фермер хожалығы ҳаққында, Дийқан хожалығы ҳаққында ҳәм сол сыяқлы басқа нызамлар бар.

Жеке тартиптеги мийнет искерлигинен алынатуғын дәраматлар ислеп шығарыўшының ҳәм оның шанарақ ағзаларының талабын қанаатландырыў ушын, ислеп шығарыўды кеңейттириў, ремонлаў ушын ҳәм басқа социал мақсетлер ушын сарыпланыўы мумкин. Соның менен бирге, бул дәраматлар қамсызландырыў төлеми сыпатында қамсызландырыў шөлкемлерине, дәрамат салығы сыпатында мамлекет бюджетине ҳәм басқа социал мақсетлер ушын сарыпланады.

Ҳазирги кунде жеке меншик исбилерменликтиң турлери көбейип барыўы менен олардың мал-мүлклерге ийелик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў тәртиби, олар менен байланыслы қатнасықларда мүлкдардың ҳуқық ҳәм мажбуриятларын белгилеў зарурлиги бар.

Өзбекстан Республикасының “Банклер ҳәм банк искерлиги ҳаққында”ғы нызамы 1996 жыл 25 апрельде қабыл қылынған. Усы нызамға муўапық, банк – комерциалық шөлкеми болып, банк искерлиги деп есапланатуғын төмендеги искекрлик турлери жыйындысын әмелге асыратуғын юридикалық шахс есапланады: юридикалық ҳәм физикалық шахслардан аманатлар қабыл қылыў ҳәмде қабыл қылынған каржылардан таўекел етип кредит бериў яки инвестициялаў ушын пайдаланыў; төлемлерди әмелге асырыў. Аманат (депозит) – талап қылыныўы менен-ақ яки төлемди әмелге асырыўшы шахс пенен төлемди алыўшы шахс ямаса олардың нызамлы ўакиллери ортасында келисилген муддетте процентлер яки устеме ҳақ төлеген ҳалда яки бундай төлемлерсиз ҳәммесин қайтарып бериў шарти менен тапсырылатуғын пул суммасы. Шет ел банки – шет ел банкиниң өз искерлигин Өзбекстан Республикасы аймағынбда әмелге асыратуғын шуъба банки болып, оның устав капиталының ҳәммеси шет ел банки тарепинен төленеди. Өзбекстан Республикасында шөлкемлестирилген ҳәмме банклер банк искерлигиниң

субъектлери есапланады. Банклер искерлиги “Банклер ҳәм банк искерлиги ҳаққында”ғы нызам, “Өзбекстан Республикасының Орайлык банки ҳаққында”ғы Нызам, басқа нызам ҳужжетлери менен тартипке салып барылады. Банклер өз искерликлеринде төмендеги банк операцияларын әмелге асырады: физикалық ҳәм юридикалық шахслардың, сол катарда ўакил банклердиң есапбетлерин ашыў ҳәм журитиў, есапбетлер бойынша есап-китап қылыў; аманатларды қаратыў; кредитлердиң қайтарылыўы, процентлилиги ҳәм муддетлилиги шарти менен өз қаржылары ҳәм қаратылған қаржылар есабынан өз атынан кредитлер бериў.

Банклер басқа турдеги операцияларды да әмелге асырыўлары мумкин, соның ишинде, қаржы ийеси яки қаржыны бийлик етиўши менен дузилген шартнамаға муўапық пул қаржыларын басқарыў; шет ел валютасын нақд пул ҳәм нақд болмаған пул формаларында юридикалық ҳәмде физикалық шахслардан сатып алыў ҳәм оларға сатыў; пул қаржылары, векселлер, төлеў ҳәм есап-китап ҳужжетлерин инкасса етиў; ушинши шахслар атынан мажбуриятлардың орынланыўын назерде тутыўшы кепилликлер бериў; ушинши шахслардан мажбуриятлардың орынланыўын талап қылыў ҳуқықын алыў; қимбатлы қағазлар шығарыў, сатып алыў, сатыў, есабын журитиў ҳәм оларды сақлаў, клиент пенен дузилген шартнамаға муўапық қимбатлы қағазларды басқарыў, қимбатлы қағазлар менен басқа операцияларды орынлаў; банк искерлиги жузесинен маслаҳат ҳәм хабар хызмети көрсетиў; физикалық ҳәм юридикалық шахсларға ҳужжетлер ҳәм басқа байлықларды сақлаў ушын арнаўлы биналар яки олар ишиндеги полат сандықларды арендаға бериў; финаанслық лизинг; халқаралық банк амелиятына муўапық, лицензияда арнаўлы көрсетилген басқа операциялар.

Банклер тиккелей ислеп шығарыў, саўда ҳәм қамсызландырыў искерлиги менен шуғылланыўға ҳақлы емес. Банк, сол қатарда шет ел банки, Өзбекстан Республикасында өз искерлигин Өзбекстан Республикасының Орайлық банки тарепинен берилетуғын лицензия тийкарында әмелге асырады. Лицензияда банк орынлайтуғын операциялар дизими көрсетиледи. Лицензиясыз әмелге

асырылатуғын банк искерлиги нызамсыз деп есапланады ҳәм бундай искерлик натийжесинде алынған дәрамат мамлекет бюджетине алып қойылыўы лазым. “Банк” атамасы яки бул атама қосып жасалған сөз бирикпелерин усы Нызамға муўапық банк операцияларын әмелге асырыў ушын лицензияға ийе болған шөлкемлер өз фирма атында яки реклама мақсетлеринде ислетиўлери мумкин.

Банк аманаты шартнамасы бойынша биринши тарептен (аманатшыдан) қабыл қылып алған яки оның атына келген пул суммасын (аманатты) қабыл қылып алған екинши тареп (банк) шартнамада назерде тутылған шартлер тийкарында ҳәм тартипте аманат суммасын қайтарыў ҳәм оған процентлер төлеў мажбуриятын алады. Банк аманаты шартнамасы аманат суммасы банкке келип тускен куннен баслап дузилген есапланады. Пуқара аманатшы болған банк аманаты шартнамасы ғалабалық шартнама деп есапланады. Банк пенен аманатшының аманат қойылған есапбет бойынша қатнасықларына қарата банк есапбети шартнамаси ҳаққындағы қағыйдалар, егер усы баптың қағыйдаларында басқаша тартип назерде тутылған болмаса яки ол банк аманаты шартнамасының мазмунынан келип шықпаса, қолланылады. Усы баптың банклерге тийисли қағыйдалары нызам ҳужжетлерине муўапық юридикалық шахслардан аманатлар қабыл қылыўшы басқа кредит шөлкемлеарине қарата да қолланады. Усы шартнама реал (яъғный, аманатшы тарепинен банккеа пул берген ўақытта дузиледи), бир тареплеме ҳәм ҳақы есесине дузилетуғын шартнамалар қатарына кириўши ғалабалық шартнама есапланады. Банк аманаты шартнамасы жазб**а формада** дузилген болыўы керек. Егер аманаттың қойылғанлығы аманат даптершеси, жамғарма (депозит) сертификаты яки банк тарепинен аманатшыға берилген, нызамда, нызамға муўапық белгиленген банк қағыйдаларында да банк амелиятында қолланылатуғын жумыс қатнасығы адетлеринде бундай ҳужжетлер ушын назерде тутылған талапларға жуўап беретуғын басқа ҳужжет пенен тастыйқланған болса, банк аманаты шартнамасының жазба формасына амел қылынған есапланады. Банк аманаты шартнамасының жазба формасына амел

қылмаслық бундай шартнаманың ҳақықый болмаслығына алып келеди. Бундай шартнама өз-өзинен ҳақықый емес.

Жуўмақ орнында соны айтыў лазым, базар экономикасы шараятында жеке меншик объектлери шеңбери ҳәм табиий раўиште кеңейип барады. Бул ҳалат өз наўбетинде пуқаралық жеке меншик мүлки қолқатылмаслығын, оның ҳуқықый кепилликлерин де таъминлеўди талап етеди. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң әмелге киритилиўи пуқаралар жеке меншик ҳуқықының нызамлы тийкарларын белгилеп берди. Онда мүлк формаларына да анықлық киритилди. Сол қатарда, пуқаралардың мүлки “жеке меншик” деп белгилениўи дыққатқа лайық. Жеке меншик базар қатнасықларының пайда болыўы ҳәм раўажланыўында, оның ушын зарур болған шарт-шараятларды жаратыўда, бул қатнасықларда қатнасыўшы тареплердиң ҳуқық ҳәм мажбуриятларын белгилеўде, олардың ис ҳарекетлерин тартипке салыўда ҳәмде нызамлы маплерин қорғаў ушын зарур болған ҳуқықый кепилликлер ҳәм ис-илажларды белгилеўде улкен аҳмиетке ийе.

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықын мажбурий тартипте бийкар болыўы тек ғана нызамда назерде тутылған тийкарларға муўапық әмелге асырылыўы шарт. Басқа тийкарларда мүлк ҳуқықын бийкар болыўына жол қойылмайды. Бул ҳалат конституциялық норма талапларының мазмунына мас келип, жеке меншик ийесиниң ҳуқықларын қорғаўдың аҳмиетли кепиллиги есапланады.

Пуқаралар жеке меншик ҳуқықын олардың қалеўинен тысқары, мажбурий тартипте бийкар болыў тийкарлары болып, төмендегилер есапланады: егер нызамға муўўапық шахсқа тийисли бола алмайтуғын мал-мүлк оның мүлки болып қалғанда мал-мүлкти алып қойыў; тарийх ҳәм мадeният естеликлери ийесиз сақланып атырғанлығы; мүлкдардың мал-мүлкти тиккелей алып қойыўға қаратпаған ҳалда мүлк ҳуқықын бийкар болыўы; тийисли мал-мүлкти нызам ҳужжетлерине муўапық национализация қылыныўы; мал-мүлк ўакилликли мамлекет ҳакимияти органы қарарына муўапық реквизиция ҳәм суд қарарына тийкарланып алып койылыўы ҳәмде мүлкдардың мажбуриятлары бойынша өндириў оған тийисли мал-мүлкке

қаратылыўы. Жоқарыда келтирилген тийкарлар бойынша пуқаралар жеке меншик ҳуқықының бийкар болыўы тийкарынан мамлекет ҳәм пуқаралық-ҳуқықый қатнасық субъектлери талаплары менен әмелге асырылады. Соған муўапык мал-мүлкке қарата мүлк ҳуқықы да тийисли раўиште мамлекет яки басқа мапдар тарепте жузеге келеди[24].

Өзбекстан Республикасы мүлкий ҳуқықты бийкар қылатуғын нызам ҳужжети қабыл қылған тақдирда сол ҳужжет қабыл қылынғаннан жеткизилген зыян ықтыярый турде яки суд тәртибинде мүлкдарға толык көлемде төленеди.

Жеке меншик ҳуқықын бийкар қылыўшы нормалар мамлекетимизде әмелге асырылып атырған экономикалық-ҳуқықый реформалар мийўеси сыпатында бир неше өзгерислерге ушырады. Соның ишинде, жынаят нызамшылығын либерализациялаў натийжесинде конфискация нызамшылыктан шығарып тамланды. Бул ҳалат мүлкдардың жеке меншик ҳуқықи қолқатылмаслығы жолында қылынған жане бир қадем есапланады.

## 2.3. Мәмлекетлик емес юридикалықалық шахслардын жеке меншик хуқықы

Өзбекстан Республикаси Конституциясының XIII бабында мамлекетимизде жамиетлик бирлеспелериниң еркин ҳәм актив ҳарекет етиўлери, олардың пуқаралық жамиетин қалиплестириў процессиндеги қатнасын таъминлеўдиң социал-ҳуқықый тийкарлары жаратылған. Конституциямыздың усы бабы нормаларына мас ҳалда Өзбекстан Республикасының Олий Мажлиси тарепинен “Өзбекстан Республикасында жамиетлик бирлеспелери ҳаққында”, “Сиясий партиялар ҳаққында”, “Өзбекстан Республикасиниң касиплик аўқамлары, олар искерлигиниң ҳуқықлары ҳәм кепилликлери ҳаққында”, “Мамлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳаққында”, “Сиясий партияларды финансластырыў ҳаққында” ҳәмде “Жамаат фондлары ҳаққында”ғы, “Жуўапкершилиги шекленген ҳәм

[24] Эргашев В.Ё.Фуқаролар хусусий мулк ҳуқуқи вужудга келиши ва бекор бўлишининг илмий-назарий жиҳатлари. Ю.ф.н.дисс... автореф. –Т.: ТДЮИ 2005. -18 б.

қосымша жуўпкершиликли жамиетлер ҳаққында"ғы, "Хожалық ширкетлери ҳаққында"ғы Өзбекстан Республикасы нызамлары қабыл қылынған.

Пуқаралық ҳуқықы панинен белгили, юридикалық шахслар тийкарынан коммерцияшы ҳәм коммерцияшы болмаған турлерге бөлинеди (ФКниң 40-статьясы). Юридикалық шахслардың коммерцияшы турлери шолкемлестириўшилерининг пайда алыў мақсетин көзлеп дузилсе, коммерциялық емес турлеринде шөлкемлестириўшилер пайда алыў мақсетин көзлемейди.

Коммерцияшы юридикалық шахслар да коммерциялық емес юридикалық шахслар да исбилерменлик (пайда алыўға қаратылган искерлик) искерлиги менен шуғылланыўлары мумкин, бырақ бунда, коммерциялық юридикалық шахслардан парық қылып коммерциялық емес юридикалық шахслар өз исбилерменлик искерликлеринен алган пайданы тек агзаларының мутажликлерин қандырыў яки өзге улыўмлық мақсетти әмелге асырыў ушын ислетеди. Алынған пайданы басқа мақсетлерде ислетилиўине жол қойылмайды. Сол қатнасық пенен коммерциялық емес юридикалық шахсларга қарата ФК "пайда алыўды мақсет қылып қоймаған" деген ибарат емес, балким, "пайда алыўды өз искерлигиниң тийкарғы мақсети қылып қоймаған" ибарасы белгиленген. Бул болса, коммерциялық емес шөлкеми исбилерменлик пенен шуғылланыўы белгили бир пайда көриўи мумкинлигин белгилейди. Тек ғана коммерциялық емес юридикалық шахслардың тийкарғы мақсети (жардемши яки басқа мақсетлер буннан тысқары) пайда алыў болмайды.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримовтың мәмлекет қурылысы ҳәм оның раўажланыўы, жәмийетимиздиң демократиялық жаңаланыўы, экономиканы раўажландырыў ҳәм еркинлестириў менен байланыслы болған, қысқаша айтқанда, алдымызда турған барлық машқала ҳәм ўазыйпаларды шешиўде “реформа реформа ушын емес, алды менен инсан ушын, инсан мәплерин тәмийинлеў ушын” деген терең мәнили пикирди ҳеш қашан умытпаўымыз керек, деп атап өтиўлери бийкарға емес.

Солай екен, суд-ҳуқық системасында да алып барылып атырған реформалардың негизинде инсан, оның ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин суд арқалы нәтийжели қорғалыўы, судлардың пуқаралардың нызам ҳәм суд алдында теңлиги, судьялардың ғәрезсизлиги ҳәм тек нызамға бойсыныўы, тартысыўшылық ҳәм тәреплердиң тең ҳуқықлылығы сыяқлы принциплерге тийкарланып, нызамлы, әдалатлы ҳәм тийкарланған шешиўши қарар қабыл қылыныўы менен белгиленеди. Бүгинги күнде де мәмлекетимизде басқышпа-басқыш базар экономикасы қатнасықларын қарар таптырыў, усы тийкарда елимизде мүлкшилик ҳәм мүлк пенен байланыслы болмаған жеке ҳуқықый қатнасықларды беккемлеў өзиниң тийкарғы сыпатламасына көре, ҳәр түрли ҳуқықый қураллар тийкарында әмелге асырылады.

Солар қатарында, жеке меншик ҳуқықын қорғаў да айрықша орын ийелеп, ҳәзирги күнге келип бул мәселе пуқаралық ҳуқықы институтларының дерлик барлық тармақларында шешиўши әхмийетке ийе болып бармақта.

Мине усы түрдеги ҳуқықларды қорғаўдың белгили бир нызам талапларына яки әдетте қолланылатуғын жумыс қатнасығы әдетлерине муўапық келиўи тийислилиги әмелдеги пуқаралық нызамшылығы нормаларында қатаң түрде беккемленип қойылған.

Усы тийкарда, алып қарайтуғын, жеке меншик ҳуқықлар ҳәм олардың пуқаралық нызамшылық нормалары тийкарында тәртипке салыўдың өзине тән өзгешелиги менен байланыслы ҳалда усы питкериў қәнийгелик жумысының

мазмуны бойынша биз төмендегише тәризде жуўмақ ҳәмде пикир-усынысларды келтирип өтиўди лазым деп таптық:

1. Мүлк ҳуқықлары қатарында жеке меншик ҳуқықлары да пуқаралық ҳуқықының объекти болып есапланады. Өзбекистан Республикасы Пуқаралық кодексинде жеке меншик ҳуқықы түсиниги берилген болып, оған муўапық пуқаралардың өз қәлеўине көре өзине тийисли мал-мүлкке жеке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықлары жеке меншик ҳуқықы деп аталады.

2. Жеке меншик ҳуқықы бузылған жағдайда көпшилик ҳалларда ҳуқық ийесине материаллық зыян келеди. Материаллық зыян ҳуқықы бузылған шахсқа жеткерилген анық көринислерде сәўлеленеди. Нызамға муўапық, егер пуқараға оның жеке меншик ҳуқықларын бузыўшы ямаса оған тийисли басқа мүлкий характердеги ҳуқықларға қол қатыўшы ҳәрекетлер арқалы материаллық зыян жеткизилсе, сондай-ақ, нызамда нәзерде тутылған басқа жағдайларда суд ҳуқықбузыўшы мойнына көрсетилген зыянды пул арқалы (материаллық көринисте) компенсация төлеў менен қаплаўды жүклеўи мүмкин.

Материаллық зыянды қаплаў қәрежетлерин белгилеўде суд ҳуқықбузыўшының айыбы дәрежесин ҳәм басқа итибар ылайық ҳалатты есапқа алады.

3. Жеке меншик ҳуқықын жүзеге келтириўши, өзгерттириўши яки бийкар етиўши птимлер ҳақыйқый саналыўы ушын төмендеги шәртлерге жуўап бериўи: биринshиден, питимлердиң мазмуны нызамға ҳәм нызам тийкарында шығарылған актлерге, улыўма инсаный қағыйдаларға муўапық болыўы; екиншиден, питимлерди дүзиўши шахслар ҳәрекет уқыплылығына ийе болыўлары; үшиншиден, питимлер көринис ушын ғана дүзилмей, ал ҳақыйқатынан да юридикалық ақыбет туўдырыў мақсетинде дүзилген болыўы; төртиншиден, нотариал гүўаландырылыўы яки мәмлекетлик дизимнен өткерлиўи лазым болған питимлер ҳақыйқый саналмаўы қәўпи астында нызам менен талап етилген формада рәсмийлестирилиўи керек.

4. Жеке меншик ҳуқықларын қорғаў менен байланыслы болған мәселелерди үйрениўде мүлкий характердеги ҳуқықлар ийелериниң мүлкий характердеги ҳуқықларларын қорғаўшы миннетлеме ҳуқықына байланыслы қуралларда үлкен әҳмийетке ийе. Мүлкий характердеги жеке меншик ҳуқықларын қорғаўдың бундай миннетлеме-ҳуқықый усыллары еки көринисте:

1) шәртнамалы қатнасықлар;

2) шәртнамадан тысқары қатнасықларда болады.

4. Шәртнамалы қатнасықларда жеке меншик ҳуқықлардың қорғалыўы ҳаққында соны айтыў керек, дүзилетуғын ҳәр қыйлы шәртнамалар көпшилик жағдайларда нызамға, шәртнама шәртлерине әмел қылынып, дурыс ҳәм инсаплы рәўиште орынланады. Лекин айырым жағдайларда шәртнаманың айырым интизамсыз қатнасыўшылары шәртнама бойынша алған өз миннетлемелерин пүткиллей орынламаўы яки лазым дәрежеде орынламаўы жағдайлары да ушырасады. Бундай пайтларда тәбийий бузылған жеке меншик ҳуқықларларды тиклеў ҳәм оның өзи менен мүлкий ҳуқықларларды ҳәр тәреплеме ҳәм толық қорғаў мәселеси қойылады.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## 1. Баслы әдебиятлар


1. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. - Тошкент: Ўзбекистон, 2009. – 280 б
2. Каримов И.А. Жаҳон инқирозининг оқибатларини енгиш мамлакатимизни модернизация қилиш ва тараққий топган давлатлар даражасига кўтариш сари. Т.18. -Тошкент: Ўзбекистон, 2010. -264 б.
3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир” Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиз қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисдаги маърузаси.// И.А.Каримов “Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир” –Тошкент, Ўзбекистон. 2010 й.
4. Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик Палатаси ва Сенатининг қўшма йиғилишидаги “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси” маърузаси // Халқ сўзи - 12 ноябр 2010 йил.
5. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. 2011 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2012 йилга мўлжалланган энг муҳим уствор йўналишларга бағишланган Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг мажлисдаги маърузаси // Халқ сўзи, 2012 йил 20-январь. Қ40 (5434).
6. Каримов И.А. Амалга ошираётган ислоҳотларимизни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти қуриш – ёруғ келажагимизнинг асосий омилидир. Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 21 йиллигига

бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. // Халқ сўзи, 2013 йил 7-декабрь

7. Каримов И.А. 2014 йил юқори ўсиш суръатлари билан ривожланиш, барча мавжуд имкониятларни сафарбар этиш, ўзини оқлаган ислоҳотлар стратегиясини изчил давом эттириш йили бўлади. / Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг мамлакатимизни 2013 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2014 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси. // Халқ сўзи, 2014 йил 18-январь Қ13 (5943).

**II. Нызамлар ҳәм нызам асты ҳүжжетлери:**

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. («Халқ сўзи» газетаси, 1992 йил 15 декабрь, 243 (494)-сон; Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1994 й., 1-сон, 5-модда; Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2003 й., 3-4-сон, 27-модда; Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси, 2011 й., 12/1-сон, 343-модда; Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2007 й., 15-сон, 152-модда; 2008 й., 52-сон, 510-модда; 2011 й., 16-сон, 159-модда; 2014 й., 16-сон, 176-модда).
2. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси. –Тошкент: Адолат. 2007. –520 б.
3. Ўзбекистон Республикасида Мүлкчилик тўғрисидаги қонуни (1990 й. 31 октябр) //Ўзбекистон Республикаси Олий Советининг Ведемостлари. 1990. Қ31-33. 371-модда.
4. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик ширкатлари ва жамиятлари тўғрисидаги қонуни (2001й. 6 декабр). // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. 1-сон. 13-модда.
5. Ўзбекистон Республикасининг акциядорлик жамиятлари ва акциядорларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисидаги қонуни (1996 йил

26 апрел) // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. 5-6-сон. 61-модда.

6. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик юритувчи субъектлар фаолиятининг шартномавий-ҳуқуқий базаси тўғрисидаги қонуни (1998 й. 29 август). // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998. 9-сон. 170-модда.
7. “Тадбиркорлик фаолияти эркинлигининг кафолатлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 25 майдаги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000 йил 5-6 сон, 140-модда.
8. Ўзбекистон Республикасининг Маъсулияти чекланган ҳәмда қўшимча маъсулиятли жамиятлар тўғрисидаги қонуни (2001 й 6 декабр) //Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. 1-сон. 6-модда.
9. Ўзбекистон Республикасининг Хусусий корхона тўғрисидаги қонуни (2003 й 11 декабр) //"Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2004 йил, 3-сон, 28-модда.
10. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1999 йил 28 июлдаги ҚПФ-2331 сонли «Молия-хўжалик фаолиятни амалга оширмаётган ва қонунчиликда белгиланган муддатларда ўзларининг устав жамғармаларини шакллантирмаган корхоналарни тугатиш тәртиби соддалаштириш чора-тадбирлари тўғрисида» ги Фармони. // Тадбиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -120 б.
11. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2006 йил 24 майдаги «Тадбиркорлик фаолияти субъектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйишни хабардор қилиш тәртиби тўғрисида»ги қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис палаталари Ахборотномаси, 2006 йил 5-сон, 251-модда.
12. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2006 йил 24 майдаги қарори билан тасдиқланган «Тадбиркорлик фаолияти субъектларини давлат

рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйишни хабардор қилиш тәртиби тўғрисида»ги Низом. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил 20-21-сон, 174-модда.

13. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1999 йил 3 июлдаги Қ327-сонли «Молия-хўжалик фаолиятни амалга оширмаётган ва қонунчиликда белгиланган муддатларда ўзларининг устав жамғармаларини шакллантирмаган корхоналарни тугатиш тәртиби тўғрисида»ги қарори. // Тадюиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -145 б.

**III. Тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар:**

14. Бобоев Ҳ.Б. ва бошқалар. Давлат ва ҳуқуқ назарияси.-Тошкент: ТДЮИ, 2000. - 576 б.
15. Брагинский М.И., Витрянский В.В. Договорное право. -М.: Статут, 2003. - 848 с.
16. Гражданское право. В 3-х т./Под. ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого.-М.: Проспект, 1997. Т.1. С. 784.
17. Гражданское право. В 3-х т. /Под. ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого.-М.: Проспект, 2003. Т.1. С.776.
18. Долинская В.В. Акционерное право.-М.:1997.-258 с.
19. Жилинский С.Э. Предпринимательское право (правовая основа предпринимательской деятельности): Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. –С.928.
20. Закиров И.Б. Становлние и развитие советского гражданского права в БНСР и ХНСР.-Тошкент: ФАН, 1988.-182 с.
21. Зокиров И.Б. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи.-Тошкент: Адолат, 1997.-296 б.
22. Зокиров И.Б. Фуқаролик ҳуқуқи.-Тошкент: ТДЮИ, 2006.-374 б.
23. Зокиров И.Б., Сайфуллаев Ф.Х. Совет гражданлик ҳуқуқи.-Тошкент: Ўқитувчи, 1982.-346 б.

24. Имомов Н. Тадбиркорлик фаолияти субъектлари мулк ҳуқуқининг ҳимоя қилиниши. –Тошкент: ТДЮИ. 2006. – 21-б.
25. Караходжаева Д.М. Гражданское право: субъект, объект и содержание правоотношения в условиях рынка.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.-162 с.
26. Козлова Н.В. Учредительный договор о создании коммерческих обществ и товарществ.-М.: 1994.-165 с.
27. Раҳмонқулов Ҳ. Мажбурият ҳуқуқи. -Тошкент: ТДЮИ, 2005. -336 б.
28. Раҳмонқулов Ҳ. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик Кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар.-Тошкент: Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси, 1997.- 322 б.
29. Раҳмонкулов Ҳ.Р. Фуқаролик ҳуқуқининг предмети, методи ва тамойиллари. -Тошкент:ТДЮИ, 2003.-49 б.
30. Субъекты гражданского права. / Под. ред. С.Н.Братуся.-М.:Юридлит, 1984. -288 с.
31. Тадбиркорлик ҳуқуқи. / Масъул муҳаррир. Ф.Ҳ.Отахонов. -Тошкент: ТДЮИ, 2003.-435 б.
32. Телюкина М.В. Прекрашение деятельности юридических лиц//Субъекты гражданского права.-М.: 2000.-39 с.
33. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи (II-қисм) / Ҳ. Раҳмонқулов ва И. Зокировларнинг умумуй таҳрири остида.-Тошкент: Адолат, 1999.-559 б.
34. Хозяйственное право. / Под.ред.В.В.Лаптева.-М.:Юридлит, 1983. -528 с.
35. Юлдашев Ж.И. Акциядорлик жамиятлари – фуқаролик ҳуқуқининг субъекти сифатида. -Тошкент: ТДЮИ, 2004.-178 б.

**IV. Интернет ресурслары**

36. 222.lex.uz
37. 222.p4avo.uz
38. 222.5sil.uz